ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№129 (24.099) ● 2020 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 27, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Республикэм и унафэщІым Іуэхущ Іапі эхэр къызэхекІухь



КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек жэпуэгъуэм и 25-м мэкъумэш ІэнатІэм епха Іуэхущ Іапі эхэр къызэхикІухьащ.

ПРОХЛАДНЭ щІынальэм щІэІ «Овощи Юга» компаниеми и лэжьакІуэхэм ар яхуэзащ, апхуэдэуи Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІэр зригъэлъэгъуащ. Зы ильэсым томат пІастэу тонн 15 къыщІэзыгъакІ заводыр 2016 гъэм яухуащ. Нобэкіэ ар дунейпсо мардэм изагъэ Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщащ икІи зы ильэсым банкІ мелуани 100 къыщІегъэкІ. 2020 гъэм блокІа и мазибгъуэм банкІ мелуан 80 игъэхьэзыраш, ар тонн мин 12 мэхъу.

«Овощи Юга» компаниемкІэ мыІэрысэми елэжьын нэгъабэ щІидзащ. 2021 гъэм инвестицэ проектыр къигъэсэбэпу Іуэхущ Іапі эм и мурадщ зы ильэсым тонн мин 24-рэ къыщІигъэкІыну. Ар кьехъулІэу щытмэ, лэжьапІэ ІэнатІэу иджыри 70 къызэригъэпэщыфынущ.

Мы Іуэхум нэхъыщхьэу хэлъхэм ящыщ нэгъуэщІ къэралхэм кърашхэр ди деж къыщыщІагъэкІхэмкІэ зэхъуэкІа зэрыхъур. Дызэрыт зэманым ящэ томат пІастэхэм я процент 80-р хамэ щІыпІэхэм кърашауэ аращ. Прохладнэ дэт заводым къыщІигъэкІыр фІагъ ЛъагэзиІэ ерыскъыщ икІи ди къэралым щІэупщІэ щызиІэщ, уасэкІи щынэхъ пудщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● КЪБР-м и Правительствэм

ЦІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным хуагъэпс

Видео конференц мардэм тету КЪБР-м и Правительствэм и зи чэзу зэІущІэр иригъэкІуэкІащ абы и Унафэщ Мусуков Алий.

АБы щытепсэлъыхьащ бюджетым, псэупІэм, медицинэм теухуа Іуэхугъуэхэм.

КЪБР-м финансхэмкІэ и министр **Лисун Еленэ** утыку кьрихьащ «2021 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетымрэ 2022 - 2023 гъэхэм я тещІыхьымрэ я ятеухуауэ» КЪБР-м и Законым ипкъ иткІэ, КЪБР-м и законодательнэ актхэм ящыныкъуэ Іыхьэхэм къару ямыІэжу къэлъытэныкІ и Іуэхукіэ» законхэм я проектхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетыр 2020 гъэм и мази 9-м зэрагъэзэщІам и Іуэхукіэ» проектыр, нэгъуэщІхэри.

Республикэ бюджетым и хэхъуэр тещІыхьащ налог законодательствэм халъхьэ зэхъуэныкъуэхэм, налог зытралъхьэхэм къагъэхъу щытыкІэм, коронавирус уз зэрыцІалэм и зэранкІэ яГъэуба къыпэубыдыныгъэхэм дызрагъэуба экономикэ мардэм тещІыхьауэ налог зэрызэхуахьэс щІыкІэм, 2021 гъэм - сом мелуан 12 112, 1-м ноблагъэ. Ильэс къакІуэм къагъэсэбэпыну тращІыхьащ сом мелуан 36 422,4-рэ. 2021 - 2023 гъэхэм ахъшэр зытрагъэкІуэдэну яубзыхуар социальнэ Іуэхугъуэхэрщ, мылькум и нэхъыбэр зыхухахьнур цІыхухэм егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, физкультурэм, спортым, мэкъумэш ІэнатІэм ехьэлІа къэрал Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэнырщ. Республикэ бюджетым и проектыр зыхуэгъэпсар псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр **Рахаев Борис** и къэпсэльэныгъэр теухуауэ щытащ «Сату Іуэху хэмыту бэджэнду щІы Іыхьэ зрат псэупІэ-щэнхабзэ, коммунально-бытовой мыхьэнэ зиІэ объектхэр, инвестицэ проект инкэр зытетын хуэт мардэхэр убзыхуным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и япэ Іыхьэм зэхъуэкІныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» законым и проектым. Ар нэхъыбэру зэхьэлІар мэкъумэш ІэнатІэм епха инвестицэ проект инкэр щагъэзэщІэ щІыпІэхэр зэрат щыкІэрщ. ЗэхъуэкІныгъэхэр халъхьэмэ, экономикэм и ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэм хухах щІыр фейдэ пылъу гуэшынымкІэ, иджыпсту щІы гуэшыным теухуауэ республикэм щыщІыІэ гугъуехьэр гъэзэкІуэжьыныкІэ сэбэп хъунущ.

КЪБР-м транспортымрэ гъэгу хозяйствэмкІэ и министр **ДышцэкІ Асльэн** тепсэльыхьащ Щхьэлыкъуэ - Каменкэ гъэзгур «Северный» автовокзалым зэрекІуалІэ лъагъуэр гъэгуэщІэхэм я бжыгъэм хэгъахьэным.

КЪБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **Аникушинэ Татьянэ** утыку кьрихьащ «ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІыналъэ фондым 2021 гъэм и бюджетымрэ 2022 - 2023 гъэхэм я тещІыхьымрэ теухуауэ» законым и проектыр. Ахъшэр зытрагъэкІуэдэнухэм ящыщІ КЪБР-м и ОМС щІыналъэ программэр гъэзэщІэныр, медицинэм и лэжьакІуэхэм я Іэзэгъэр хэгъэхъуэныр къызэгъэпэщыныр, медицинэ Іэмэпсымэщ Іэхэр къэщэхуныр, щыІэхэр зэгъэпэщыжыныр, нэгъуэщІхэри. Законым и проектыр къащтэмэ, ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ программэм трагъэкІуэдэн хуэй мылькур хухахьфынущ. Ар цІыхухэм ПщІэнІзэу медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэным теухуа программэм и Іыхьэ нэхъыщхьэщ.

КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыхъумэжьныгъэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Ацкъан Ратмир** тепсэльыхьащ КЪБР-м и Правительствэмрэ Сабийхэм ядэІэпыкъуныкІэ фондымрэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм дыщІыгъужьным теухуа проектым. Ар теухуащ гъащІэм щытыкІэ гугъу иригъэува сабийхэм папщІэ урысейпсо зэпыщІэныгъэм ехьэлІауэ КЪБР-м щылажьэ «детский телефон доверия» Іуэхум. Ар Къэбэрдей-Балъкъэрым 2010 гъэ лъандэрэ щыІэщ. Иджы мы проектым Іэ щІадзмэ, абы ильэс дзыхьуэкІуэми къыпищынущ.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Иджыри зы Іыхьэ зэрагъэпэщыж

Бахъсэн щІыналъэм щызэфІагъэкІащ «Кавказ» автомагистралым къыхэкІыу Куба къуажэм дыхьэ, километр 13 зи кІыхьагъ гъуэгум и зэгъэпэщыжыныгъэр. Абы асфальт тІуащІэ траліхьащ, лъэс лъагъуэхэр зыхуей хуагъэзащ, иджырей зэпрыкІпІэхэр хуащІащ, импульс светофорхэр щагъэуващ.

ГЪУЭГУР къыщагъэщІэрэщІа Лениным и цІэр зезыхьэ узрамым къуажэ администрацэм и унэр, егъэджэныгъэ, узыншагъэр щахъумэ Іуэхущ Іапі эхэр, спорт-узыншагъэр щагъэфІакІуэ комплексыр тетщ.

Зи гугъу тщІы Іуэхур «Автомобль гъэгу шынагъуэншэхэмрэ фІагъ ЛъагэзиІэхэмрэ» лъэпкъ проектым и фІыгъэкІэ зэфІагъэкІащ, ягъэува пІалъэм ипэ кьихуэу.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Іуэху щхьэпэ

ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуІу советым и зэлущІэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и Іуэхущ Іапі эу Іуащхьэмахуэ щІыналъэм щыІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэм еджапІэ нэхъыщхьэхэм щылажьэхэм я зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуІу советым и зэлущІэ. Ар ирихьэлІат Урысейм щІэныгъэ лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэр ильэс 30 щрикъумрэ КЪБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэрагъэпэщрэ ильэс 88-рэ зэрыхъумрэ.

ЗЭІУЩІЭМ хэтащ Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэм и университетхэм щылажьэхэм я зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр, апхуэдэуи абы кьрихьэлІащ Кърымым щыІэ университетым, Тэн щІыналъэм и техникэ университетым, Меййкуапэ дэт технологие университетым я лІыкІуэхэр.

Къызэхуэсахэм я псалъэмакъыр нэхъыбэу зытеухуар цІыхур иужьрей зэманым зыгъэпІейтей Іуэхугъуэхэрт: лэжьакІуэхэмрэ еджакІуэхэмрэ зэрызахъумэжьын ІэмэпсымэхэмкІэ къызэгъэпэща зэрыхъунум, коронавирус уз зэрыцІалэм зимыуБгъун щхьэкІэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІым, пІуздауэ егъэджэныкІэ щыІэ Іэмалхэм, Урысейм ЩІэныгъэмрэ цІыхухэм ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэр езыхьэкІ лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкІыу хуагъахьыну зэгурыІуэныгъэщІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Кобозев Игорь къыщыпсалъэм къыхигъэщащ къызэрызэрагъэпэщрэ ильэс 88-рэ мы гъэм ирихьу университетыр, RAEX урысейпсо рейтинг агентствэм къызэритамкІэ, къэралым ит еджапІэ нэхъыщхьэ 700-м ящыщу 88-нэ увыпІэр зэрыритыр. 2019 гъэм «Интерфакс»-м къызэригъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым 55-нэ увыпІэр иІыгъащ. 2015 гъэм щегъэжьауэ университетым и лэжьыгъэр иджырей техникэ икІи технологие щІэныгъэхэм къагъэув пщалъэщІэхэм зэрытехьэнум, егъэджэныгъэмкІи щыІэ Іэмалыщ Іэхэр нэхъыбэу зэреджэ программэхэм зэрыхипщэнум, цІыхубэр зыхуэныкъуэ Іэщ Іагъэхэмкіэ унэтІыныгъэ щхьэхуэхэр нэхъыбэу къызэрызэІухьнум толажьэ. Абы и Іуэхукіэ къапщтэмэ, къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэр зыщІэу и процент 15-м ди университетыр хеубыдэ.

ЩІэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я зэзыгъэуІу советым и унафэщІ, Тэн щІыналъэм и техникэ университетым жылагъуэ Іуэхуэхэмкіэ и проректор, профессор, социологие щІэныгъэхэм я доктор Магомедов Магомед и псалъэр Урысейм ЩІэныгъэмрэ цІыхухэм щІэныгъэ нэхъыщхьэ етыныкІэ и министерствэм ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэр езыхьэкІ лэжьакІуэхэм я зэгухьэныгъэхэм кьабгъэдэкІыу хуагъахьыну зэгурыІуэныгъэщІэм.

«Дэркіэ абы мыхьэнэщхуэ иІэщ, - къыхигъэщащ Магомедовым, - сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, дызэрыт лъэхъэнэ гугъум къыдэкІуа щытыкІэхэм языхэзщ пэІудзауэ егъэджэныгъэ къызэгъэпэщынри, ар нэсу зэтеубгъуным и Іэмалхэр къэгъуэтныр пщэрыльышхуэу диІэщ. Ди зэгухьэныгъэхэм лэжьакІуэ гупхэр зэхашауэ а Іуэхугъуэм хэкІыпІэу иІэхэр къахутэ, Іэмалхэр зэрагъашІэ, дауи, ахэр зэгурыІуэныгъэщІэм къызэрыхедгъэлъытэным дэри дыхущІэкъунущ».

ШУРДЫМ Динэ.

КЪБР-м Коронавирусым кІэлъыплъынымкІэ и оперативнэ штабым къет

2020 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м ирихьэлІэу

Узыр япкърытрэ япкърымытрэ къахутэну тест зрагъэтахэм я бжыгъэр - 231.232-рэ

Сымаджэ хъуауэ ятхахэр - 9.652-рэ

Иужьрей жэщ-махуэм къриубыдэу къахутахэр - 88-рэ

Сымаджэщхэм щІэлъхэр - 1.501-рэ

Реанимацэмэ щІэлъхэр - 72-рэ

Хьужахэр - 7.271-рэ

Вирусым и зэранкІэ дунейм екьжахэр - 132-рэ

Нобэрэ пщэдейрэ

Жэпуэгъуэм и 27, *гъубж*

♦Аудиовизуальнэ щІэныр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦Гимнастикэм и урысейпсо махуэщ

♦Тыркумэн Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ. 1924 гъэм Тыркумэн ССР-р зэрагъэпэщащ.

♦1991 гъэм республикэм и Совет Нэхъыщхьэм я къэралым и щхьэхуитыныгъэм теуха унафэ кьищтащ. Абы ипкъ иткІэ Тыркумэн ССР-м зэреджэр Туркменистану зэрахъуэкІащ.

♦1829 гъэм США-м щыІэзэпкъралъхьащ сабий къызэрырашэкІ гу щыкІыр.

♦1867 гъэм Толстой Лев «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» романыр тхын ихущ.

♦1895 гъэм Транссыбыр гъущІ гъуэгум и япэ Іыхьэр ухуэн яухащ.

♦1927 гъэм Москва къыщыІэзІуахащ ЛэжьакІуэ щІалэгъуалэм я театр нэхъыщхьэр - ТРАМ жьхуаІэу щытар. Иджыпсту ар Ленком театрырщ.

♦1940 гъэм Налшык къыщыІэзІуахащ Къэбэрдей, Балъкъэр къэрал драмэ театрхэр.

♦1951 гъэм лыых узыфэм ебэнымкІи япэ дыдэу ящыкъагъэсэбэпащ радиацэ бзийхэр.

♦1982 гъэм Китаймэ щІыпІэсэухэм я бжыгъэр цІыху 1 мелардым щхьэдэхащ.

♦1984 гъэм Байкал-Амур гъущІ гъуэгур и кІыхьагъкІэ къагъэсэбэпу щІадзащ, мафІэгухэр пІалъэ убзыхуам тету щызэкІуэу.

♦Италием щыщ композитор **Паганини Никколэ** къызэралъхурэ илъэс 238-рэ ирокъу.

♦Урыс биолог, селекционер цІэрыІуэ, академик **Мичурин Иван** къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу.

♦США-м и 26-нэ президент, Нобель и саугъэтыр зрата **Рузвельт Теодор** къызэралъхурэ илъэси 162-рэ ирокъу.

♦Совет актёр цІэрыІуэ, режиссёр, СССР-м и цІыхубэ артист **Жаров Михаил** къызэралъхурэ илъэси 121-рэ ирокъу.

♦УэрэджьакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м щІыхь зиІэ артисткэ **Руслановэ Лидие** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист **Къамбий Джафар** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Актёр цІэрыІуэ, уэрэджьакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист **Караченцов Николай** къызэралъхурэ илъэс 76-рэ ирокъу. Вэсэмахуэ, 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м, ар дунейм ехьэжащ.

♦Урысей музыкант, саксофонист цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Бутман Игорь** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15, жэщым градуси 9 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 28, *бэрэжьей*

♦Анимацэм и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарурэм я дзэ авиацэм и махуэщ *(1948 гъэм къызэрагъэпэщащ).*

♦Урысей Федерацэм щагъэлъапІэ анэшхуэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я махуэр

♦Украинэр фашист зэрыпхуэакІуэхэм къыщыІэщагъэкІыжа махуэщ. Нэмыцдзэхэм хьэкІэкъэуэкІагъэ куэд щызэрахьа Украинэм и щІыналъэр Дзэ Плъыжьым 1944 гъэм хуит къищІыжащ.

♦Чехие къэралыгъуэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит щыхъуар егъэлъапІэ. 1918 гъэм ар Австро-Венгриием къыхэкІащ икІи Чехословакие Республикэ къэунэхуащ.

♦1971 гъэм, и етІуанэ щхьэгъусэ Марие (Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ) дунейм ехьэжу илъэситІ дэкІа нэхъ, Урысейм и пащтыхь Иван IV Грознэм Собакинэ Марфэ нэхъыкъ хуригъэтхащ.

♦1804 гъэм Москва къыщызэрагъэпэщащ кьалэм бжьамийкІэ псы езышэлІа Іуэхущ Іапі эр.

♦1886 гъэм Нью-Йорк къыщызэІуахащ Хуитынгъэм и Статуер. Ар ищІащ скульптор Бартольди Фредерик.

♦Къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа икІи и классик **Щоджэнцыкіу Алий** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-мрэ Украинэмрэ я цІыхубэ артист **Виктюк Роман** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Юридическэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **Мысрокъуэ Замир** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ хьэрычэтыщІэ, Microsoft корпорацэм и къызэгъэпэщакІуэ, дунейм щынэхъ къулей дыдэхэм ящыщ **Гейтс Билл** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Журналист, Урысейпсо къэрал телерадиокомпанием (ВГТРК) и унафэщІ **Добродеев Олег** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

♦Америкэ киноактрисэ цІэрыІуэ, «Оскар» саугъэтыр пліэнейрэ зыхуагъэфащэ, нэгъуэщІ саугъэт куэдми я лауреат **Робертс Джулие** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Зи щхьэ уи унэ исым и псэ уи унэ илъщ.

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ академием хэтхэм я зи чэзу зэІущІэр мэрем кІуам екІуэкІащ. Абы щытепсэлъыхьащ ЩІДАА-м Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Краснодар крайм, Абхъаз Республикэм щиІэ центрхэмрэ къудамэхэмрэ я лэжьыгъэр къызэгъэпэща зэрыхъум.

ЩІЭНЫГЪЭІІХЭМ я лэжьыгъэм теухуауэ къэпсэлъащ ЩІДАА-м и вице-президент **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд**. Абы жиІащ нобэкІэ адыгэ академием нэгъуэщІ къэралхэм я щІэныгъэлІ 28-рэ зэрыхэтыр (абыхэм ящыщу 24-р академикщ, 4-р - член-корреспондентщ). Тыркум щыщу цІыхуи 6, Израильм - 3, США-м - 2, Иорданием - 6, Сириием - 2, Великобританием - 3, Нидерландэм - 1, Испаниием - 2, Германием - 2, Абхъазым - 1 хэтщ.

Хьэфыщ Іэм гу зэралъригъэтамкІэ, адыгэхэмрэ абазэхэмрэ ямыщІ, академием хэтщ испан, инджылыз, нэмыц, хьэрыпІ щІэныгъэлІ зыбжанэ. Апхуэдэуи иужьрей ильэсхэм нэхъ купщІафІэу лэжьа цІыху зыбжанэм я щІэхэр къриуащ.

- Щхьэхуэу къыхэзгъэщыну сыхуейт академик, КЪБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, философие, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Къандур Мухьэдин (Великобритание). Иужьрей ильэсхэм абы роман зыбжанэ къыдигъэкІащ, художественнэ, документальнэ фильмхэм сценарий яхуитхащ. ЩІДАА-м и академик, филологие щІэныгъэхэм я доктор Бэлагъы-Къандур Любэ нэгъуэщІ къэрал щыІэ щэрджэс литературэмкІэ къэхутэныгъэхэр иригъэкІуэкІ, и щхьэгъусэм и романхэр урысыбзэкІэ зэридзэкІыурэ къыдегъэкІ, - къытеувыІащ Мухьэмэд.

Зи лэжьыгъэ тепсэльыхьахэм ящыщщ академик, философие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Бацэжь Мухьэмэд-Хьер, академик, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Щхьэлахьуэ (Шами) Сэтэней, социологие щІэныгъэхэмкІэ доктор Къардэн Нарт, КЪБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ КІыщ Мухьэдин сымэ.

«ЩІДАА-р быдэу япыщІащ икІи ядолажьэ нэгъуэщІ къэралхэм щыпсэу адыгэ интеллигенцэм. Ахэр ди академием къыхэша зэрыхъунум, хэхэс адыгэхэм зыкъаужьыжьыным хэгъэІыфІыхьыным теухуа Іуэхухэр йокІуэкІ», - дыщІигъуащ ХьэфІыцІэм.

ЩІДАА-м и «Адыгэ щІэнгъуаз» институтыр зыхунэсахэм я гугъу щищІым Мухьэмэд жиІащ тхылъ 20-м щигъу къыдэгъэкІыным зэрелэжьыр. Абыхэм ящыщу «100 известных адыгов (черкесов) второго тысячелетия», «100 известных деятелей черкесского зарубежья» «Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъэм я таурыхьэзр», Кхъуэлуфэ Хьэчим и «Вечные странники», Мэшбащэ Исхьэкъ и «Уафэбгыкъу и нэлат» тхылъхэр, Адыгэ махуэгъэпсыр хьэзырщ.

ЗэІущІэм хъыщыпсэльащ ЩІДАА-м и вице-президент - щІэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ **ЩхьэгъэпсоСэфарбий**. Апхуэдэуи ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр утыку кьрахьащ **Къалэ Хьэжбарэ**, **Егъуэж Артур**, **БакІуу Хьанджэрий**, **КІыщокъуэ Руслан**, **Блий Станислав**, **Дзэмыхь Къасболэт** сымэ.

Нэхъыщхьэу зытепсэльыхьахэм ящыщщ Нэгумэ Шорэ къызэралъхурэ ильэс 225-рэ зэрырикъум ирихьэлІэу тхыдэ, филологие лэжьыгъэхэр щызэхуэхьаса, томиплІу зэхэт тхылъхэр къызэрыдагъэкІынур. Абы теухуауэ къэпсэльащ академик, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал институтым и унафэщІ Дзэмыхь Къасболэт.

«ЩІДАА-м и докладхэр» журналым и къыдэкІыгъуитІыр дунейм къызэрытехьар, иджыри тІу 2020 гъэр имыух щыкІэ къызэрыдэкІынур жиІащ журналым жэуап зыхь и секретарь Лосэн ФатІимэ.

ЗэІущІэм хэтахэм яубзыхуащ ЩІДАА-м хагъэхьэнухэм я цІэ-унэцІэхэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

КЪБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэр 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 29-м зэхэтынущ.

Зэхуэсым щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Дифі догъэлъапіэ

Макъамэм лъагъуэ дахэ хэзыша

Лъагъуэ дахэ щыпхишри, зэфІэкІрэ ехъулІныгъэкІэ псыхьа гъэзэуанэ бгъуфІэ макъамэм къыщыдзэринэкІащ КъБР-м и цІыхубэ артист, Урысей Артиадэм и лауреат, тенор макъ льащ зиІэ оперэ уэрэджыІакІуэ, Къуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ институтым и егъэджакІуэ Куэт Къанщобий. Зи илъэс 80-р иджыблагъэ зыгъэльэпІа уэрэджыІакІуэ Іэзэр ди редакцэм и къуэдзэ икІи тедгъэпсэльыхьыщ и Іэщ!агъэр къызэрыхихам, зрихьэлІэ лъэпощьхьопхэр къызэринэкІыурэ и хъуэпсапІэм зэрыльэІэсам теухуа и гукъэкІыжхэм.

Куэт Къанщобий и унагъуэм (и щхьэгъусэ Светланэ, я къуэ Ибрэхьим, япхъу ФатІимэ) и гъусэу.

- Къанщобий, илъэс 50-м нэблэгъауэ республикэм и щэнхабзэм, гъуэзджэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуэзыщІ. Музыкэ къэрал театрым и утыкур зыгъэбжьыфІэ, цІыхухэм я гукъыдэжьым хэзыгъаХуэу артистхэм уащыщІ. Илъэс 60-кІэ уэзгъэбэкІыжмэ, Дзэлыкъуэкъуажэ къыщыхъуа щІалэ цІыкІур макъамэ гъуэзджэм уэрэджихьэхамрэ абы уэрэрыхуеджамрэ сфІэхьэлэмэтщ. Уи Іэщ!агъэр къыхэпха зэрыхъуамрэ уэзыщІэхьуэпс уэрэд жьІэным и лъагъуэм уэзрытехьамрэ утхутепсэлъыхьамэ ди гуапэт.

- 1940 гъэм Дзэлыкъуэ щыналъэм хьихьэ Дзэлыкъуэкъуажэ сыкъыщалъхуащ. КъызэрыгъэкІадыгэ мэкъумэшыщІэ унагъуэм сыкъыщыхъуащ. Ди адэ Нашхъуэ колхозым и механизатор пашэу, ди анэ Нури колхозым хэту зэдэлажьэу щытащ. Си ныбжьыр мазий хьуа къудейуэ Хэку зауэшхэм щІидзащ. Зи цІыкІуцІхьэр зауэм хиубыда дэтхэнэми хуэдэу, сабиигъэу насыпыфІ сиІауэ схужьІэнукъым, ауэ си адэ-анэм сахуэарэзыщ, сызыщІэхьуэпс уэрэджыІакІуэ Іэщ!агъэр зэзгъэхьІэныжмкІэ къызэрыздэІэпыкъуамкІэ. Ди адэр пасэу дунейм ехыжами, ди анэр хъарзынэу тхуэпсэуащ.

Дзэлыкъуэкъуажэ и курыт еджапІэм и 6-нэ классым сыщІэсу ди егъэджакІуэм «Цыжьбанэ» сабий уэрэд цІыкІур жысІэну пщэрыпІ къыщысщиущым, гу лъитат сызэрытхьэкІымафІэм, макъ сызэриІэм. Абы иужькІэ сызыхэт школ хорым си закъуэу уэрэдхэр щыжьісІэну дзыхь къысхуащІащ. Къуажэдэсхэм, си егъэгъу-ныбжьэгъухэм я пшыхьхэм срагъэблагъэуэ уэрэдхэр жызагъэІэрт икІи абыхэм къыдэфэурэ я нэгу зрагъэжьыщт. Апхуэдэу уэрэд жьІэным дзыхькІэ ди ныбжьэгъухэм я пшыхьхэм срагъэблагъэуэ уэрэдхэр жызагъэІэрт икІи абыхэм къыдэфэурэ я нэгу зрагъэжьыщт. Апхуэдэу уэрэд жьІэным дзыхькІэ ди ныбжьэгъухэм я пшыхьхэм срагъэблагъэуэ уэрэдхэр жызагъэІэрт икІи абы сыхуеджэну мурад сщІащ. А зэманым магнитофонхэр зэпэубыдат, телевидени щыІэтэхъым, радионэтынхэр нэхь щыІэт.

Республикэм и художественнэ самодеятельностхэм я епльыныгъэ Налшык щрагъэкІэжьІахэм япэ увыпІэр мыхэ-мыпІэу къыщыхуагъэфэщащ. Курыт еджапІэ нэужьым Ленинград консерваторэм сыщІэтІысхьэну иужь сихьат, арщхьэкІэ музыкэ щІэныгъэ умыІэу, нотэ умыщІэу абы укъащтэнутэкъым. 1957 гъэм Налшык Музыкэ училищэ къыщыдзэІуахащ. Школыр къыщыдзуха илъэсым ар ирихьэлІати, тІэкІу сыкъыкІэрыхуауэ сыкІуами, абы и унафэщІ Хьэсанэ Муса къызэдаІуэри, сыкъыщтащ. ИлъэскІэ абы сыщеджджауэ, уэрэд жьІэныкІэ ехъулІэныгъэ сиІэу къалъытэри, Ленинград консерваторэм еджакІуэ сагъэкІуэну къысхуагъэльэгъуащ, ауэ щхьэусыгъэу гуэрэкмкІэ ар зэпыуажащ. 1961 гъэм КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и унафэкІэ, Хьэсанэ Муса Москва Гнесинхэ я цІэр зезыхьэ институтым дишэри, училищэм гъэ еджэгъуитІым къыздеджа КІарэ Хьэсэнэрэ сэрэ - щагъхэзыщІэ курсхэм, училищэр къэзыухахэу Мыз Борис, Бицу Юрэ, Абрэдж Анатолэ сымэ - япэ курсым дыщІигъэтІысхьэри, кІыгъэзэжащ.

Институтым щагъэхьэзыр и курсхэм ИльэситІкІэ дыщІэса иужьІ япэ курсым дыкъыщащтэнур. Ауэ, уэрэд жьІэным апхуэдизкІэ си нэ хьихьикІыртИ, курситІым яджын хуейр зы ильэсым къыриубыдзу зэзгъэщІащ, гъуэзджэм и щэхуэхэм зыхэзгъэгъуаззэри. Экзаменхэм сыпхыкІри институтым сыщІэхуат, арщхьэкІэ си пІэкІэ нэгъуэщІ зыгуэр ксащтауэ ксыщІидзыжащ. КъыкІэльыкІэу гъэм етІуанэ курсым мазищкІэ пычыгъэу нэмыщбзэкІэ, нэгъуэщІхэри. КъэпщытакІуэхэм я лжьыгъэхэр къызэхъулІауэ къалъытащ. Къыщыдухым сраджэри, дзнэ щІыпІэ сыщІилэжьну сыхуейми къызэупщІащ, сыту жыпІэмэ сэр-сэру сызэрыщІэтІысхьам къыхэкІыу си дипломыр сызэрырыеІуэу къэзгъэсбэпыну хуитыныгъэ къызитырт. Абы и жэуапу яжеІащ сыкъыщалъхуа щІыналъэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым - сыкъэкІужьыну сызэрыщІэхьэпсыр, Налшык Музыкэ театр къызэрыщызэІуахар, оперэхэри опереттэхэри зэрыщекІуэхэр. Апхуэдэу 1971 гъэм сыкъэкІужащ.

- Къанщобий, Москва ущыщеджа зэманым къриубыдэу сытхэр нэхъ гукъинэж пщыхьуа?

- Сыщеджа институтым и цІэр зезыхьэ Гнесинхэр зэшыпхъэущрэ зы дэлъхурэ хуэхэр. ЯпэщІыкІэ абыхэм классибл, къыкІэльыкІуэу классипщІ школхэр, итІанэ училищэ, иужьым консерваторэ къызэІуахащ. ЕжьапІэм сыщІэсу дзэм сыщраджам, зэдэлъхуэзышпхъуэхэм ящыщ Еленэ иджыри псэут. Ар институтым и художественнэ унафэщІт икІи абы щыпсэут, и лъакъуэр къыдэмыбзыжми, коляскэм ису концерт залышхуэм яшэрт, фортепианэм хуригъаджэрт. Си егъэджакІуэ Першинэ Валентинэ Еленэ и деж сигъэкІуат, дзэм сызэрыраджэр жесІэу сэлам есхьижьну. Къулыкъу нэужьым къыщызгъэзэжами, Еленэ и деж сыкІуащ фІэхъус есхьну. «Деточка, тебя наверное сняли с довольствия, ты наверное голоден, на, покушай!», - жиІэу сомищ къызэрызитар сигу кьинжащ. Апхуэдэхэм деж уегупсысыркъым армыхьумэ, а сомищыр Гнесинэ Еленэ и феллпу схъумэн хуеящ. ЕллІанэ курсым сыщІэсу ар дунейм ехыжащ икІи иужьрей гъуэгуанэм щытрагъэувэжьм, Бахрэ Гунорэ я «Аве Мария» ариер оперэм и партие нэхъыщхьэм (Тюленин Сергей). КъыкІэльыкІуэу Рахманиновым и «Алеко» оперэм хэт тенор партие нэхъыщхьэр (Молодой цыган) згъэзэщІащ.

Ди гупыр зы унагъэшхэм хуэдэу, нэхъыжь-нэхъыщІэ, пщІэнэмыс ди зэхуаку дэлъу дыздэдолажьэ. НэхъыщІэхэм зэрытхуэзэфІэкІкІэ дадоІэпыкъу, ахэр зэрыдгъэкІуэтэным, чэнджэщ щхьэпэхэр зэреттыным иужь дитщ. Ди япэ ищa ди нэхъыжьыфІхэу Дэбагъуэ Хьэсэн, ПащІэ Ахьмэд, Мэкъуауэ Мулид, Щэбэтыкъуэ Натбий, Бекъул Леонид сымэ Ахърэт нэхур Алыхьым къарит! Мыдэкіэ нэхъыжьыуэхэу Мэкъауэу Хьэсэн, Наршаовэ Щэхьидэт, Тауненовэ Галинэ, ЩэджьыкъущІэ Аслъэнбий, Бесчокъуэ Майе сыкъа ди театрым и унафэщІ Бэрэгъуэ Руслан и нэІэм дыщІэту, зэгурыІуэ ди зэхуаку дэлъу дызэдолажьэ.

Иужьрей зэманым кудэрэ утыку сыкъэхьэжьыркъым, сызыхэта лэжьыгъэхэр репертуарым зэрызэмытыжьым къыхэкІыу. Правительствэм и концертхэм, Москва, Винницэ къалэхэм, Мэхъэчкъалэ литературэмрэ гъуэзджэмкІэ и махуэхэм сызэрыхэтар гукъинэж сщыхъуащ.

- 1971 гъэ лъандэрэ Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэу уэзрылажьэм къыдэкІуэу Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и егъэджакІуэу илъэс 25-кІэ уэзрыщылэжьам къежьапІэ хуэхъуам и гугъу уэзгъэщІынт. Уи Іэщ!агъэм и щэхуэхэм щІэблэр зэрыхэбгъэгъуэзар, абы я гъэсэныгъэрэ щІэныгъэмрэ хэлъхьэныгъэ зэрыхуэпщІар уасэншэщ. А пІалъэм къриубыдэу макъамэ гъуэзджэм ехьулІныгъэрэ зэфІэкІрэ щы-зыІэрыщысыгъэхьа гъэсэнхэр къызэрыщІэбгъэкІар гурыІуэгъуэщ...

- 1994 гъэм институтым и ректор Рахаев Анатолий студентхэр уэрэд жьІэным хуезгъэджэну сыщІигъэблагъэм, кудрэ сымыгупсысу арэзы сыхъуащ. Си гъэсэнхэм ящыщу Музыкэ театрым и уэрэджыІакІуэ Къардэн Радик, 4-нэ курсым щеджэу урысейпсо зэпеуэм и лауреат хъуа, институтыр диплом лъыжькІэ къэзыухыу Москва Гнесинхэ я академием и аспирантурэм зи щІэныгъэм щыхэзыгъэхъуа Дзыгъуанэ ФатІимэ, «КъШР-м щыхь зиІэ и артист» цІэ лъапІэр зыхуагъэфэща абазэ щІалэ Мэремкъул Очар. Апхуэдэщ ідэзыхьэх макъ дахэ зиІэ Вересюкновэ Инна. Ар и унафэщІ и гъусэу иджыпсту Урысейм и нэгъуэщІ щыпІэм щопсэу. Ди Музыкэ театрым къызэрыпхьанащ си жагъуэ мэхъу, уэрэджыІакІуэфІ къыщыкІынут. Си гъэсэнхэм ящыщу и цІэ къисІуэнут иджыпсту Кисловодск щылажьэ, уэрэджыІакІуэ Іэзэ Сёминэ Ольги. Гуапэ сщымыхъуу къанэрэкъым ахэр мазищхуэхэм телефонкІэ къызэрыпсалъэр, нобэр къызэдэсым зэпыщІэныгъэхэр дызэрызэхуиІэр.

- Уи Іэдакъэ къыщІэкІащ Музыкэ театрым и тхыдэм, и зыужьныгъэм, Хьэхъупащ!э Хьэжбэчыр Щоджэнщ!ыкІу Алий и «Мадинэ» поэмэр и лъабжьу итха либреттэм къыщращІыкІыу композиторхэу Къардэн Хьэсэнэрэ Балэ Мухьэдинрэ зэдатха «Ш!Адинэ» оперэм и ныкъэщ ІныкъуэкІэ нэхъыщхьэ Заур и шыфІэлыфэмрэ и утыку итыкІэмрэ ехьэлІа лэжьыгъэ щхьэпэхэр. Абыхэм кІэщІу къыхэтутепсэлъыхьыт. Къанщобий.

- «Становление и развитие Кабардино-Балкарского государственного музыкального театра» (2012 гъэ), «Музыкально-сценический образ Заура в опере Мухадина Балова и Хасана Карданова» (2012 гъэ) лэжьыгъэхэр институтым пщэрылъ къытущІащ, си лэжьыгъэхэр щызэхуэсхьэсыжа къыщыдэкІыгъуэщ. Абыхэм къыщыдгъэлъэгъуэжащ театрым къикІуа гъэсэныгъэ дахэр, абы и уэрэджыІакІуэхэм, режиссёрхэм, дирижёрхэм я лжьыгъэхэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр. НэхъыщхьэращІ, кІыдэкІыгъуэхэм гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ я цІыхухэм я фІыгъэ щІэблэм фащхьэщытыну ди гуапэщ!

Штраус и «Летучая мышь» опереттэм щоджэгу Куэт Къанщобийрэ (Альфред) КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Асадуллаевэ Любэрэ (Адель).

ХЬЭХЪУПАЩІЭ Сулеймэн Іэуес и къуэр



2020 гъэм жэпуэгъуэм и 20-м дунейм ехьажащ КъБР-мрэ Ингуш Республикэмрэ щІыхь зиІэ я дохутыр, «КъБР-м Узышнагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и диагностикэ центр» узышнагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іэзхущ!апІэм и хирургие къудамэм и унафэщІ, квалификацэ нэхъ лъагэ дыдэ зиІэ дохутыр-хирург Хьэхъупащ!э Сулеймэн Іэуес и къуэр.

Хьэхъупащ!эр илъэс 45-кІэ хьэлэлу яхуэлжьащ КъБР-м узышнагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэм, цІыхухэм. Илъэс 17-кІэ ар щытащ Республикэ клиникэ сымаджэщым лъэнтхуэхэм ехьэлІа хирургиемкІэ и къудамэм и унафэщІу, 2014 гъэм щегъэжьауэ абы и унафэм щІэтащ республикэм Узышнагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и «Диагностикэ центр» Іэхущ!апІэм и хирургие къудамэр.

Сулеймэн хирург Іэзэ дыдэт, и Іэщ!агъэм, нэхъыфІ ущІэлъыхьуэн щымыІэу, фІы дыдэу хищІыкІырт, лэжьэн щІэзыдзагъащІэ дохутыр куэдым я ущиякІуэт, чэнджэщэгъуэт. Абы и нэІэ щІэту дохутыр-хирург куэд Іэзэ хуэхъуащ я Іэщ!агъэм. И иужьрей махуэхэм нэсыху ар и ІэнатІэ пэрытащ, и дэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэ сымаджэхэм узыр ящхьэщІхьу.

Сулеймэн Іэуес и къуэр цІыху гуапэу, гумащІэу щытащ. И лжьэгъуэхэм сымаджэхэми фІыуэ ялъагъу дохутыр нэст ар.

«КъБР-м Узышнагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и диагностикэ центр» узышнагъэр хъумэнымкІэ къэрал бюджет Іэзхущ!апІэм и лэжьакІуэхэр я гум къыбгъэдэкІыу яхуогузавэ Хьэхъупащ!э Сулеймэн и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ:

«Хьэхъупащ!э Сулеймэн Іэуес и къуэр ди дежкІэ сыт щыгъуи щытынущ зи Іэщ!агъэм хуэпэж цІыхум, гумащІагъэмрэ Іэущ!агъэмрэ я щапхъэ. Дэ тщыгъупщэкъым абы гъащІэр фІыуэ ильагъуу, цІыху псэ кьабзэу, хабзэшхэуэхэпльэзыщІытар. Абы и фэелъ нэхур зэи ди гум ихункъым».

ЖАНЫМ Аслъэн Борис и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрми Урысей Федерацэми зэрыщыту гущІыхьэ щащыхъуащ и ныбжьыр илъэс 69-м иту дунейм зэрехьажр алыдж-урым бэнэкІэмкІэ СССР-м и командэ къыхэхам дэщыгъуу 1982 гъэм Европэм и чемпион хъуа, Дунейпсо кубокыр зыІэщІэлъа, къэралым тІэунейрэ щыІэкІуа, Совет Союзым спортым щІыхь зиІэ и мастер Жаным Аслъэн. Адыгэ пІэнкъыр иджыри зы щІыхь хьэлэлкІэ, пелуан нэскІэ нэхъ мащІэ хъуащ.

Жаным Аслъэн бэнакІуэ лъэщ къызэрыхэкІыным Іэщ!агъэлІ гъуэзэджэ Лобжанидзе Владимир псынщІэу гулъитащ. Абы игу иригъэкІыт щІалэщІэм ерыщу зэрызыгъасэр, жьІэпІэр зэрызыхьлъхьэр, хьэл-щэн зэпІэзэрыт зэрыІэр. Зы ильэсым курыгъуэдзу Аслъэн бэнакІуэ бэ-лъых ящхьищІыкІащ - ар республикэм и ныбжьыщІэ зэпеуэм щытекІуащ. Куэдым хъагурыуащ Жаныбир лъагапІэ инхэм къызэрыхуигъэщІар.

И ныбжьыр нэсу дзэм хуэлукъуэ щищІэну щыщІашам, Дон Іус Ростов щыІэ спорт ротэм хэхуащ икІи 1975 гъэм къэралпсо утыкум япэу ехъулІэныгъэ ин щиІащ. СССР-м и Лъэпкъэм я спартакиадэм щытекІуэри, дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ.

Дзэм къулыкъу щищІэну пІалъэр щиухым ирихьэлІэу, Жаныбир СССР-м Іэщ!кІэ ЗэщІэузэда и Къарухэм я чемпион хъуащ. Абы иужькІэ езыри и гъэсакІуэри, къэралым и дзэ спорт клуб нэхъыщхьэм - Мэкъуу и ЦСКА-м - ирагъэблэгъащ. Дунейпсо утыку къихьэну, и ехъулІэныгъэхэм хигъэхъуэну ар Іэмал гъуэзэджэт. Дзэ клубхэм ирагъэкІуэкІа 1976 гъэм европэ зэхьэзэхуэр ахуэдэхэм я щІэдзапІэ хъуащ. Абы хьихьэ зэІущІитхум ящыщу пЛым Жаныбир щытекІуащ. Зыпэмыльэщар Монреаль щекІуэкІагъащІэ Олимп Джэгухэм дыжьын медалыр къыщызыхьа, дуней псом и чемпион Колев Иванщ. Болгар щІалэмрэ ди лъахэгъумрэ зэрытемыгъэкІуэуэ зэбгъэдэкІыжащ.

Чехословакием и Остравэ къалэм 1978 гъэм щыІа зэпеуэм кърихьэлІат дунейм и бэнакІуэ лъэщ дыдэхэр. Жаным Аслъэн и хьэрэуэрэгъу щІэрыІуэхэм къагъэдэзыхахьми икІи дыщэ медалым дэщыгъуу «ТекІуэныгъэм ерыщу зэрыщІэбэнам папщІэ» саугъэт щхьэхуэри къыхуагъэфэщащ. «Дунейпсо класс зиІэ мастер» цІэ лъапІэр Жаным Аслъэн къыфІащауэ щытащ Остравэ щекІуэкІа зэпеуэм кърикІуам илъэс иткІэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу алыдж-урым бэнэкІэмкІэ хэтхэм апхуэдэ пщІэ нэхьапэм зэи яІатэкъым.

1981 гъэм и кІэухым Совет Союзым и командэ къыхэхам дэщІыгъуу Дунейпсо и кубокым щІэбэнащ икІи килограмм 82-м нэс зи хьэлъагъэм я деж алыдж-урым бэнэкІэмкІэ къыпІэлъэщІн ЩІы хъурейм зэрыщымыІэр псоми наІуэ ящищІащ.

1982 гъэм Болгариием и Варнэ къалэм щекІуэкІа Европэм и чемпионатым Жаным Аслъэн зыхэт гупым щызэнэкъуэкъуэт Югославием, Алыджым, Польшэм, Данием, Финляндиием, нэгъуэщІ къэралхэми я бэнакІуэ лъэрызекъэ пщыкІуплІ. Арщхьэкіэ абыхэм къахэкІакъым адыгэ щІалэм къыпэхъун. Арати, Европэм и чемпион хъуауэ Аслъэн къигъэзэжащ.

США-м и Толидэ къалэм щызэхэта Дунейпсо кубокым щыщІэбэна зэхьэзэхуэми Жаныбир а ильэсым щытекІуащ. Щытхъури щыхьри ящІа къыпэлъэхьыт икІи кьыкІэлъыкІуэ зэпеуэхэм сыт щыгъуи хуэдэу ерыщу зыхуигъэхьэзырырт.

Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам дэщыгъуу СССР-м и Лъэпкъэм я спартакиадэм 1983 гъэм ар кІуащ. Абы и финал ныкъуэм щыбанэу и шхупъэр кьутащ. Ар фэбжь хьэпъэ дыдэт икІи, и ныбжьыр илъэс 30-м нэсауэ, спортым къыхэкІыжьын хуэй хъуащ.

Бэнэныр щигъэтэ иужькІэ, Жаным Аслъэн къалащхьэм къагъанэри, ЦСКА-м алыдж-урым бэнэкІэмкІэ и тренер нэхъыщхьэу лэжьащ.

Олимп резервхэр щагъэхьэзыр Спорт Іэзагъ лъагэм и республикэ школ Налшык къыщыщІэзІуахьэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэм я лъэІукІэ Жаным Аслъэн адэжь лъахэм къиГъэзэжри, абы и унафэщІ хъущ икІи и гъащІэм и иужь илъэсхэр аращ щигъэкІуар, щІэблэр бэнэкІэм хуигъэсащІу. Ахъэрэт нэхур Алыхьым щырит!

УФ-м Спорт бэнэкІэмкІэ и федерацэ, КъБР-м Спортымкіэ и министерствэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцэ.

Епсэлъар
ТЕКІУЖЬ Заретэщ.

Борисов Александр и «Свадьба в Малиновке» опереттэм щоджэгу Куэт Къанщобийрэ КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Азэмэт Натальерэ.

«Къамботрэ Лацэрэ» оперэм хэтщ Куэт Къанщобийрэ Къуныжь Алимрэ.

(КIэлъыкIуэр. ПщIэдзэр №№125 - 128-хэм итщ).

8.

ЛЪЭХЪУЭЩЫМ

Дунейм зэрылтет илъэс плIыщIрэ бгъум къырибыдэу зихъуэжа къыщIэкIынкъым Щыхьым, мы тхьэмахуитIым зэрызихъужакъм хуэдэу. Нэху щхъуэжкIэплIыкIэу къыфIэщу щыта дуней зэмыфагъур гъуабжэрэ фIыцIэкIэ яцIэлэжаугъэ къыщюхъу иджы. ЩхьэпылъапIэм бгъэдашам ещхьу, зэхэлъщ нурыр зыщхьэщыкIа и нэгур.

Пъуэс къыхуащIа щIалэщIэм иджы ефIуанэ къихуэу жеIэ лъэхъуэщым. Щыхьу иукIащ. Ауэ ар и щхьэ ирилъытну зы дакъикъи игу къэкIакIыжьам Щыхьым. Мор зэранщIакIуэщ. Апхуэдэхэрщ лъэхъуэщ щыщIыр. Зэ зыгуэр зыIэщIэщIам щыуа ефIэпщми, етIуанэ болэрыгъ щыIэкъым, ар щIэпхъаджащIэщ. Абыхэм я гупсысэкIэри нэгъуэщIщ.

- Мыпхуэдизу уэхмыплъэ, ей! Зыри къуащIэнукъым. Судыр зэфIаудынурэ, уи кIэн къикIмэ, илъэс зы-тIу кьыптралъхьэнущ. ЗаншIэу уаутIыпщыжыну ущымыгугъ закъуэ. Къуаншэ-мыкъуаншэ щызекIуэркъым мыбы. Урагъэсыным я фейдэ хэлъмэ, уисынущ. УаутIыпщыжыным нэхъыбэ къахуиущIмэ, пщIэну щыткъым. Я унафэщIхэм, ахъшэ къезытхэм зэрыжаIэщ, къыбгурыIуа? Игъэсит Iэхъ мащIэкIэ умыгугъэ. Сыт уикIыжу пщIэнур? Улажьэу ушхэнракъэ? Лажьэ, шхэ. ТхьпIэ еджэ, нэмэз щIы, усэ зэхэлъхьэ. Сыт уи Iэщ Iагъэр?

- Сылажьэркъым, - жиIэну къыдригшеят Щыхьым. КъригъэкIыр къэрал Iэнатlэ зэрыIумытыр. Ауэ и бзэгур кIэрэхъуакъым. Мылажьэ дэнэ къэна, лэжьэн фIэкIа Iэхэу иIакъым нобэр къыздэсым. Хадэм мыIэрысейэр ихъуэжыщIу щита зы махуэ и гъащIэ псом мылъкуу къилэжьамкIэ къыщхэухьмит иджы. Жыгъэм яхьихьэ щымыхьунум дежи тхьапIэти телевизорти жиIэу щыуIэпхъащэр.

Лъэхъуэщым къыхэзритIысхьэрэ, и къуэр зэ фIэкIа илъэгъуакъым. «Зыри къыумыгупсису, зэрыхъуар жыIэж. Апхуэдэу нэхъ тыншу Iэхъур зэфIэкIынущ. НэгъэщIу укъезгъэутIыпщыжыфынукъым», - къыжриIащ. Абы лъандэрэ махуэ щIагъуэ дэмыкIыу пэш щхьэхуэ яшуэрэ, зы щIалэ къыпкъроупщIыхь. КъэугъэнапIэми зыгуэр къуэсщ. «Ущlэмыварэзы зыгуэр щыIэ», - жеIэри къоупщI, псэлъэн яуха нэужь. «Хьэуэ» жэуапым зэрыпэплъэр гурыIуэгъэщIи, Щыхьыми зригъэлъэIуркъым.

КIытIысхьэн ипэкIэ зэрыщIта щIыхум сыту емыщхьыжрэт Щыхьым. Марат зэригъэтIысар къишIамэ, сыту пIэрэт жиIэнэр мы жакIэ зэмыфэгъым, - нэхъ къытехьэлъэ дыдэм арэущ мажэ и гур. «Си къуэр мыбы щолажьэ» жиIэну къыдришеиху, ирекъухьэж, апхуэдизкIэ и щхьэ хуигъадэркъым и псэльэгъуэрин. «Уи къуэтэмэ, уигъэтIысынтэкъым», - къыжриIэмэ-щэ?!

- Хадэм сыщолажьэ.

- «Сыщылажьэу щытащ», - хужьIэрэкъым.

- «Сыщылажьэу щытащ» пхужьмыIэу ара? - Щыхьым и гум илъыр и натIэм тетхам ещхьу, къреджыкI и чэнджэщэгъэм.

Щыхьым насыпыжьыр иIащи, щIалэм нэмэз ещI. Нэмэзлыкьым тетыхукIэ щымщ, армыхьэмэ гутехуэгъуэй дыдэу фэ тетщ. Хэт сихьэт тIощIрэ плIыкIэ зыхуэшэчыпр псалъэхэр кьиззэрежьэм хуэзэу къэзыгъэтIыпщ жьэмызагъэр?

- Пщыху гуэр щылажьэрэ мыбы?

- НтIэ.

- Хэт?

- Си къуэр.

Щlалэм и напщIэр хишщ, Щыхьым и нэгум къиплъэри, и щхьэр Iуигъэзыкlащ. ИтIанэ къриуIэнтIэкIыжри къеупщIащ:

- Хэт и цIэр?

- Марат.

- Къэлэрдэгу и участковэри?

- НтIэ.

- Хьэм мис ар.

АбджеиськъущIыдзауэз эмыпсэлъапIэ яIэжтхэм, сыту жьIэпIэмэ, езы Щыхьым ицIыхуртэкъым Марат, Хьэбас зэрицIыхум хуэдэу. Хэт нэхьри нэхьифIу плъагъу уи быным и гугъу кьыпхуэзэщIым жиIэм уедэIуэфынкъэ? Уэ нэхьрэ ар нэхъ зи хэгъэрей зэрыщIым укъигъэуIэбжьым умыухьиурэ, нэгъэщI дунейр, нэгъэщI хэку укъыщухутэнкIи жиуIэну.

Лъэхъуэщым итIысхьэн-къикIыжыным илъэс зыбгъупщI зыфIихьа Хьэбас Марат и хэгъэрей къудейтэхьым, Щыхьым и пщIыхьэпIи къыхэмыхуэн Iэджэ и къуэм теухуауэ къыжриIэжыфынут. Уи тепщэм и адэр лъэхъуэщым кьыбдисын жьыхуэпIэр махуэ къэкьпIэрыхьэ ехъуIэнэигъэу зэрыщымытым нэмыщI, абы къегъэлъагъуэ дзыхь къыззэрпхуащIыпэр, шэч кьыззэрпттрамыхьэжьыр. КъызэрызрIэщIыжам ищIыIужкIэ зыщытхъужьынкIэ зэрызимыгъэнщIырт Хьэбас зыгъэбэзрыгъуэ и бзэр къезытэтIэтар. Щыхьым гуапэу къыззэредаIуэмрэ езым и адэр зэримыIэжьымри Iуэхум щыщт.

«Хьэлэболэжь» хужаIэ Хьэбас хуэдэхэм. Нэпсей жьIэзыфIэщ. Зыхуэйр Iурыбдзэху щIыхуэ кьыптезыгъахуэхэм яцIыщщ. И ныбэ изыху къаугъэнэщэ. Зыпэмыльэщыр ипщщ. Ауэ щIыхуфэ иупIпу ищIэмэ, хьэр псафэ пхуишэнущ. Делэхьым, гупсысэн мэщхьэх жумыIэмэ. Угупсысэмэ, уззрыделэр кьыбгурыIуэнкIи хъунущ, ар узыхуэмейщ.

Марат «игъэлажьэхэм» яэт Хьэбас, щыхуейм игъэтIысу, нэгъэщI кьалэн кьыкъуэкIмэ, кьиутIыпщыжу. Езым «участковэр» щIэ лейуэ, фащэ папщIэу зэрихьэу арат. И къулыкъу дыдэр жамыIэ щхьэкIэ, къызэрыкIуэ дыщэ дамэкIэ ар уафэрэм зэримытыр куэдым ящIэ. «Дамэтелъ зытелъ фэзэхъэкI», - адыгэбзэм иджыри хэткъым и Iэщlагъэр.

ЕджапIэ нэхъыщхьэ къиух фIэкIа умыщIэну, зигуи зи щхьи зэмыбгъэж щIалэ Iувым лъэхъуэщым зэрисым щхьэкIэ и напэр текIыуи зыгуэрым хэкIыжуи фэ теткъым. Iэхъутхьэбзэ зэрищIэр ещIэжри, абы къыпэкIуэнум поплъэ. Къуаншэ дыдэкэр зэрэпщIкIуну щыхуейм деж, нэм къыщIэуэу зыгуэр ямыгъэтIысу, зэрыкьыхьэм. Хьэбас зыхэпщIа щIэпхъаджагъэр къыщIэзыгъэщхэр кууэ Iэхэм хэмIэбэн папщIэ, езыр, нэфгъэжейуэ, хабзэхъуэмэхэм кьыIурадзауэ аращ.

Щыхьым псоми щыгъуазэ хуэдэут Хьэбас зэрыпсалъэр. Зыгуэр езыIэжьыар зэпидын хьэл зэримыIэр мыбдежми хъарзынэу къыщыхуэщхьэпащ. Бзагуэ зэрыщыфын гуэркъэ «Марат» и цIэу гъащIэ псокIэ уи гум щыдэпщIея чэщанэр зэрызэщIэскъыскъэр. Ар къимыгъэуэпэн щхьэкIэ, акъыл къэпсэ къыхуэмынэжауэ, зихъхым гуэркI тхьэкIуэмэкIи зыпэщIегъаньуэ Щыхьым. ИтIанэ, и закъуэ къызэрынэу, мывэ кьутахуэхэр уэфэ зыхьэпIи гъатхэ уэлбанэу, кьытощэщэж.

Псапэ къызэрихьым щэн кьытезымыхьэ Хьэбас иужьрей илъэс зыхьIблым Iэуэлъауэщхэу къэзыгъэхьея Iуэху мыхъумыщIэхэм ятеухуауэ зыкъом къыжриIэжащ. Кино кьиг ъэлъагъуэхэм я курыкупсэм лIыхъужь кьытехьэлъэ пэтми, жьыгъэ, уафэр, жьыр пхъэужьиу узэрыхуемыжьэм ещхьу, ари зэрыщыгъэм хуэдэу игу тригъэхуэфырт, езыр зэгупсысхэри щибзыщIыртэкъым, кьыхуэдэмышIейэм я гугъу умыщIмэ. Лъэхъуэщым кьыкIыстхьэн ипэкIэ зэрызиукIыжьхьэ хьуну Iэмалхэм егупсысрейуэ щытамэ, иджы зыщIиукIыжьхьэ цIыхухэр апхуэдизкIэ езым нэхърэ нэхъ мыхьэнэншэу лIащуртри, и гур хуэмурэ кьыззэрихьэжыр зыхихIэрт. Ар зи фIыгъэри зи мыгъуатъэри зэмыдэIуэжьыф Хьэбаст.

Пщыхьэщхьэ гуэрым и гъусэм и нэмэз щIыгъуэр къэсу и жьэр щIэзэщIипIэну дакъикъэхэм екъэурэ, Щыхьым хэкIыпIэ хуэхъунум и щхьэр хуэкIуащ. Езымэ зригъащIэмэ зэфIэкIакъэ нэмэз щIыкIэ! Нэмэзлыкъым тетыху Хьэбас зыри кьыжриIэнукъым, зэпимыдыдэн щхьэкIэ! Ауэ зэримыфIэщыр Алыхьым и къищIэрэ и Iэхуэр нэхъеижи ищIмэ-щэ?

Щыхьым и мурадыр мусЛъэмэн ехьэжьауэ зыкъызыщыхьуэ Хьэбас щыжриIэм, модрейр нэжэгужь къэхуащ. Нэхъыщхьэм и адэм нэмэз щIыкIэ ебгъащIэрэ укъызэфIэмыщIжу дауэ? Уи пыIэр пщхьэрызыгъэхун Iэхэущ ар. Щыхьым и тхьэшынагъэм и Iыхьэ пщIанэ хэлъамэ, лъэхъуэщым къимыхуэхэнкIи хъунт езы Хьэбас. Ауэ фэмрэ купщIэмрэ я фащэхэр щызэрахъуэжа дунейм ар къыщыбгурыIуэн папщIэ, щихъыу ущытын хуей къыщIэкIынущ. Зым гуэныхьлыуэ зыкъыщохъьж, адрейр, жэнэтьбжэм и IынкIыбзэхэр Iэщlэлъым ещхьу, мэдалъэ.

Дунейм щекIуэкIыр зэримыгъэзэхэхэху щыттэкъым Щыхьым, ауэ лъэхъуэщым кьихуэн ипэкIэ, нэмэзти нэщIти жьыхуаIэхэр цIыхубз Iэхуэут кьыззэрIыытар. Езым и анэм нэмэз ищIу, зэмырхэм кIуэуэ щытащ. И адэм и мусЛъэмэным гъэр кьурмэным зэрыхьхьэмрэ джэд е мэл щыбгъэжкIэ «бисмиллахь» зэрыжиIэмрэ я деж щиухьыт.

Нэмэзыбзэ зэгъэщIэным Марат темыпсэлъыхьыныи емыгупсысыни Iэмал кьритынщ. Ари мащIэкъым. Ауэ ерыщу я Iэхуэм езыхуэлIэр сыт жьIпIэмэ, Хьэрун тхьэмыщкIэм ирогъэщхь Хьэбас и гуапэ ищIмэ, и гурыгъэхэр щхьэщыкIыну щогугъ.

Махуэ зыбжанэ дэкIри, япэ дыдэ уахъутитхури ищIащ, еханэу зыгуэри кьыпигъэвэжькIи хуейуэ кьэкьриIащ. ПIасхъэщIэхым ещхьу зыфIэбзэжджэж щхьэкIэ, кIуэ пэтми и гур нэхъ мамыр зэрыхъуэ зыхихщIэрт Щыхьым. И къуэм зэрыхуэщытым зэрызимыхъуэжьырт гугъу езыгъэхьэкIыр. Къуанщэу зыкъымыльытэжьынкIи кьеъуэлIэу щытамэ, ауэ дэнэ щыIэ а лъэхъуэщым? Ауэ ар сытми. УахьынкIи зэрыхъунмэ ухуэхьэзырщ, машинэм укъыщитIысхьакIэ. Абы «такси» фIэпщкIи «ди папэ и лэжьэгъуц» жьыпIэкIи, пщIэм зихъэжьыркъым.

Марат хъыджэбз псоми кьызэрыдихьэхыр зы IэмалкIэщ - иреудыкъ. Адыгэ хабзэм пщащэ псоми дэпъху уахуещIтIэ. Марат абы иджыри здыхуейм нэс кIуэтэну, ауэ щыхъукIэ, зыри кьалэн зыщимыщIыжыну хуит къещI. Хъыджэбз щхьэкIэ и щхьэр унэзэным зэи нэсыркъым абы и Iузхур. Гульэитэ ухуей - сызыхуейр кьысхуэщIэ. Теун, мы зэшым, утыку итын, игу кьихьэр ащхьыбгъэщIыфрынуIакъым, сыту жьIпIэмэ, гъащIэмэ гъащIэнашагъэми зэхуэдэу згу егъэзагъэ. Марат ахэр зэи кьыгурымыIуэнум и закъуэтэкъым, псэуэу а цIыху лIэужьыгъуэм пащIэтэну и натIэт.

Балигъэр щощтэ закъуэныгъэм. Зи закъуэу кьэхъуа сабийр-щэ? Нэху хущIэмыхьэмэ, анэшхуэр къедэхэщIэнтэкъэ щIалэ цIыкIум, ауэ дэнэ? Гуащэ-тхьэмадэми яфIэлIыкIакъым Дахэзиплъ, лIыри бын закъуэри кьызэрыфIэмыIуэхуам хуэдэу. Иджы джэдыгу лъапIэм ещхьу зи кьулыкъур зригъэкIу и къуэ балигъыр и напщIэтелъщ, ауэ Марат фIыуэ ещIэ и анэм щхьэкIэ зыри кьызэримыгъэнэнур. Узыхуэмыныкъуэм ухуракъуащ, ар уи анэ дыдэраеу щIы.

Рэхьмэ бзаджагъ тIэкIу хэлъамэ, и адэм и гурыгъэхэм гу лъитэнт, зыкIи дэзымыхьэж щIалэм зэрыхуигъэкIуатэм щхьэкIэ зыхуимыгъэгусэу. Жыраслъэни игу ирихьыртэкъым Марат. Зыми зыкъэримыгъащIэ щхьэкIэ, пщащэм зэрызирилъэфхьыр и гуапэт. Сыт Марат дэбгъуэр жиIэу зыгуэр кьеупщIамэ, Рэхьмэ асыхьэтым жэуап имыгъэтынкIи хъунт. Пщащэ Іущым гурыгъуаэзкIэ зыхихщIэр щIалэм къызэрыхуимыгъэщIарт. Пхъашэжьщ, псыхэуэм ещхьу делагъэ зреуПщкI. «Пцы умыупсу упсэуфынукъым!» Хэт хуумыупсу? Пэж зыжеIэнэнухэм сэ сахиубыдэну сыщщихьэт? «Іух, мамэ, и пщIи, и кьулыкъыи сыхуэйкъым, и мерседесми сыхрекIыж. Зы трактористкъ, и джанэр кьабзэу зэрыкхуэзжьыщам насыпыефIэ ирихьуу, сыдэпсэумэ нэхъ къэсщтэнущ, мы кьурэжьым кьэпхъ. Папэ и жагъуэ хьуунущ жьсIэуэрэ, езым сыдэкIуэн дэнэ къэна, дэкIуэнгъуэ сфIигъэкIуэдыным сынэсащ. ХьэкIэзэпх скIэрыпытым хуэдэу сыкъэкIыжьащ зэрымыкI и машинэ фIыцIэжьым». И анэмрэ езымрэ зэжрагIаХэр зигу кьэкIыж Рэхьмэ, сыщыцIэу пIэрэ щыжиIи кьыхуохуэ. Иджыпсту апхуэдэ дакъикъэхэм ящщ.

- Пшапэр зэхэуауэ машинэм хъыджэбз кьизгъэтIысхьэмэ, жэщгъэлъ кьызэрыслъхьуэр тIуми здэзтщIэ хуэдэу щытщ. Хуэмеямэ, къитIысхьэнтэкъым, жызоIэ. Сыщыуэрэ?

«Жэщгъэлъ» псалъэм и нэкIум лъы кьызэрыщIигъэлъадэр зыхещIэ Рэхьмэ, ауэ зэманым кьызэрыкIэрыхуэр кьэкримыкIэ щыкIэ, ялъэ кьыIэрыхьа жэуапыр иret:

- АфIэкIа Іэхэутхьэбзэ ящIэжу щымытамэ, папэ сыпшэжькIи къолъэIунтэкъым.

- Папэ сэ сызэрыфIз къэмышэмэ уэ узэридэкIуэгъуэми щыгъуазэкъэ? Зэрыхъу деплъэнщ жиIэу сытригъэгушхуэмэ-щэ?

- Деплъащ, хъуакъым.

- Сыт щIэмыкъуар? ЩIалэр уиIэ?

- Уэ сыт ар бжесIэн щыхуейр?

- Уи ужь сикIын щхьэкIэ.

- «ИкI» бжесIэкIэ, гурыIуэгъуэкъэ?

- НтIэ, сыт си машинэм укъыщIитIысхьар?

- Си адэм «сшэжьнущ» жеIати.

- Рулыр сутIипщмэ, тIури диукIынущ.

- ПщIэну щытткъым.

- Укъыслхуэмейуэ укъитIысхьауэ зыми и фIэщ къужьнукъым итIанэ. ДыдэбгъырыпIу дыщIалъхьэнурэ, ди сынхэм лъагъуэнтIыгъэ уэ тратхэжьнущ. Дыззэгъусу сурэт диIэ?

Рэхьмэ къыщIеудри мэдыхьэшх. Абы кьигъэгушхуа Марат къыпещэ:

- Уэ уэхкIуадэрэ сэ сыкъелмэ, «къъсшэфынукъым, нэгъэщI фIыуэ солъагъу» зэрыжесIар хуэмышэчу, рулым кьепхъуэри дыщщхэпридзащ, - яжесIэнущ.

- «Уэ сыбдэпсэури нобэ сылIэри тIури зыщ» щыжесIэн, Іапэтъапсэыс хъури дыщхьэпридзащ», - жесIэнущ.

- СебгъэщкIи, си анэм уIэщIэкIуэщ.

- СыбдэкIуэрэ тIури дыIэщIэкIуадэмэ-щэ?

- Сыт абыкIэ жьпIэну узыхуейр?

- «З»-кIэ кьрегъажьэ, «къ»-кIэ еух.

- Зегъэжь.

- «Тху»!

- ИкI-тIэ си машинэм!

Марат щэрхъэм захрегъатIэри, хъыджэбз кьэщIыпIар Іэрпхъуэру машинэфжэм йобгъэжьIу. ЩIалэр мапхъуэри, зи щыбI къэгъэза хъыджэбзыр зыIэщIеубыдэ...

- СигъэкI...

- КIуэ...

Машинэбжэр гъэбыдащ. КIуапIэ щыIэжьым.

- СигъэкI...

- КIуэ...

Рэхьмэ и щхьэцыр зэрызэхтхъуауэ машинэм йокIыж. Я нэгур абдеж дыдэрщи, кьызэмыплъэкIыу, лъэбакъуэ псынщIэхэр зыкIэлIэгъэпIащIэуэрэ, пщIантIэм дохьэж. ГуфIэу кьыпепжьа анэм Іымыплъэфу, зытхъэщIыпIэмкIэ щIохьэри псыр кьеутIыпщ. Гъуджэм йопIэри... Гъуэгъэм щIедзэ.

Сыт пщащэм игъейр? Япэу зи Іупэ кьыпIэIэса щIалэр игу зэрыримыхьыр ара? Хьэмэ псэухуу зызыхуигъэхьэзыра дакъикъэ Іофыр апхуэдэу мыхьэнэншэу кьызэрыщIэкIара? ИгъэпэжкIи псэпъхьэу иIэкъым Рэхьмэ. ИтIани, зи дэкIуэгъуэ хъыджэбз псоми ещхьу, абыи и гум щигъафIэрт псэгъу мыщIыхуу гуэр. Марат аратэкъым. Хуемыгъэхьи дагъуэшхуэ хуищIыртэкъым абы щIалэм, мыр ифIщ, мыр ягъэщ хужиIэн хуэдизкIи гъащIэр игъэунэхуатэкъым. И псэм и Іофыр къызэрыдэмышыыр, и жагъуэ кьищIуэр зэрыригъэшыр гугъу езыгъэхьыр, псалъэкIэ жимыIэф щхьэкIэ. Сыт-тIэ иджы къэхъуар, нэпскIэ фIэкIа пхуэзэмыгъэзэхуэну? Дакъикъэ ныкъуэкIэ и IитIым гъэр зэрахуэхъуам зыхигъэкIыжаIа?

Хьэнифэ зыпэплъа щIалэр Ермэпыжьу къыщIэкIакъэ?! - зэрымыщIэкIэ уэрэдыжь гуэрым и сатырхэр кьиIуащ Рэхьмэ и тхьэкIумэм...

Хъыджэбзым и гум щыщIэр къыбгурыIуэн папщIэ, гъащIэм гу къабзэкIэ пежьа пщащэ цIыкIуу ущытын хуейт. Ар и пщэдей тельыджэм гу къудейкIэтэкъым зэрыхуэпIащIэр, и псэ жыгым и тхьэмпэ къэс жьы кьабзэм щIихурыхукIырт, и хьэуа Іофым хримыгъэубыдэн цIыхупсэ дунейм кьытринэну зимыгъэхьэзыру. Марат апхуэдэ гъащIэм утезыгъэгушхуэн дэнэ къэна, ар кьытиуэзыдэн цIыхуум зэрыщIымытыр нэрылъагъут. Ауэ щыхьыкIэ, и пащхьэм зэрыс кьудейм щхьэкIэ, кьапхъуэри хэдапIэр ІощIихат. «Армырар» имыгъэпэжыну зэрыхуэзэфIэмыкIынури пщащэм и хьэлым къыжриIэрт.

(КъыкIэлъыкIуэнущ).

ЧЭРИМ Марианнэ

Лъы иримыкъу

Роман. Япэ Іыхьэ

хуигъэзэн щхьэусыгъуэ, пщащэми абы пщIэмыувэ зещI. ЕкIуэкIар илъагъу щхьэкIэ, щхьэусыгъуэр ищIэркъым хъыджэбзым. Марат Рэхьмэ и адэр зыфIэлIыкIэм я кIуэгъужэгъущ, зэхэзэрыхьIамэ къыщхьэщыжыну къыщыгугъэщ. КъулыкъуэкIэ хъыджэбзым и адэ прокурорыщ нэхъыщхьэр, ауэ илъэкIэкIэ зи нэфI къальхьуэр нэхъыщIэрщ. КIэщIу жьIпIэмэ, Марат нэхъ пэгъунэгъуэкIэ, Жырэ зытес щэнтыр нэхъ щабэщ.

ІэжьэкIэ къэбжьхыныр пфIэфIмэ, къешэкIыкIи зэгъащIэ жьхуиIэращ. Дэнэ щищIент папэ кьыхуэгъуэкI хъыджэбз пагэм и адэри зыгуэркIэ къыззрыщыгугъыр?

Марат зы къишэу адрейхэм и щIыб яхуигъэзэн хуейуэ къэзыльытэзэм ящыщхьэм. Прокурорым ипхъу къэжьэхъкIэр узыхэдэ хьунухэм кьэхоущ, къыбдалъэгъну емыкIуэкIыж, хэкIыжкIи илыкIынукъым. Зэгуэзыгъэпыр сыт жьIпIэмэ, пщащэм щIалэр «зэрихуэмышэрщ».

Илъэсихьмрэ хыщIымрэ я зэхуаку дэт бзылъхугъэ щIыкIуэхэмрэ инхэмрэ Марат дзэымыкъэхьифэн къахэгъуэтэгъуейщ. Зыр сабийщи дыхьэшэнщ, адрейр жьыхуэгъэзэкI хуащIи, гумащIэщ. Мыр губзыгъэщ, умыщIэ гуэр кьыбгъэдэтмэ, фэ кьыптрегъауэ. МыкIуэмытэм акъыльифIэу укъыфIощI. КьулыкъущIэр кьыпщхьэщыжьынущ. Гъурыр къбзэлъабзэу къыщIокI. Пшэрыр Іэфiу мэпщафIэ. Бейм энэр дахэу зэлъыIуех. ЛъагъуГъуейм машинэ хэрехуэкIыф. Мыхьэнэ зиIэр уэ укъызэрыщIыхьурщ. Уэ пхуэдэ щIымыIэу къызэлъытэм, нэгъэщI мыхъуми, и кIагъэр щебгъэтIагъэжьыну кьелэжь. Игу темыхуэ лIэужьыгъуэ закъуэр езыр ззэымыпсэхэрщ. Рэхьмэ абыхэм ящ. Марат хъыджэбзым зрифъэщIыжьынынр нэрыгъэщ щIыбдар. ПхъуфIщи, къотIисхьэ и машинэм - аркъудейщ. Марат ар хуигъэфащэу аракъым, пщащэм и натIэм тетхащ, кьыщибзыщIыну зигъэхьэзырыкъым.

ГъащIэм сыт нэхъ кьыщыпфIэIуэхэр жьIпIэу уеупщIамэ, Марат щIэгупсысэнур нэхъ щэрыгъу псэлъэн щхьэкIэт, армыхъумэ и жэуапыр хьэзырт: щыхуфэхэр. Нэпсейм ахъшэкIэ зэрызимыгъэнщIым хуэдэ дыдэу, мыбы бзылъхугъэ гулъытэкIэ зэи зигъэнщIыркъым, абы и щхьэусыгъуэри иаIуэщ - анэм игъэфакъым. ЩигъэкIащ, игъэудэфащ, кьызыфIигъэщIыжащ, ауэ гъэфIэкIэ имыщIэу кьэщIэкIащ Дахэзиплъ. Нобэ и цIыхуфIым къэкIуэри - мэ, узыхуейр къэщхэу, дэнэ хууеймэ кIуэ, сыанэфIу жьIэ закъуэ. Пщэдей езыр зыгуэрым зэтрехури, кьыщыбгъэнам щыбгъэтузыжьыркъым.

ГъэфIэн жиIэмэ, кьикI дыдэр хэт ищIэн? Сабийр щагъафIэм дежкъедэхэщIэн егъуэт. ИпкъкIэ и закъуэ хуярхъым. ЯгъафIэм йолуэ, пэщIэ защIыркъым, абы игурэ и щхьэрэ зэтелъ зэпытщ. Арыншауэ, псы куэду зыщIакIэ, ауэ дыгъэ зытрамыгъэпсэ щхьэкIигъэм ещхьу мэхъу ямыгъэфIа сабийр. ЛIыгъэм кьызэгуичу кьыпфIэщI Марат езы дыдэр щымыгъуаззэу гунэфыгъэ къофыкI. Анэм къриимытыфар щIыхубзу дунейм тетым щIыхуэу ятригуэшам ещхьу, абы нобэ зы хъыджэбз, пщдей нэгъуэщI и гъусэу пIъаГынущ, ауэ зыхуэпэжи кьыфIэIуэхуи яхэткъым, езым бзылъхугъэхэр зытхъэкъуф щIалэр зрагъэлIыытэжу аркъудейщ.

Анэ псори джэдкъэзым ещхьщ зыгуэркIэ. Зым гуэгушанэм ещхьу лIэжьыху уи Іуэху фIэкIа зэрихуэркъым. Адрейр джэдкъуртщи, тхьэмахуитKIэ мэIуэлъауэри зеутхипщIыкъ. Я дамэхэр зэрызэгуэмыкIым кьыхэкIыу, къаэхэмрэ бабыщхэмрэ я щыхэр яхуэгъэхуабэркъым, занщIэу псым хатутIипщхьэ. Дахэзиплъ и сабий пIыкIэр мис а хъэз-бабыщхэм ейм ещхьэт.

Анэм и гулъытэмкIэ ирикъуа цIыхур пщIэншэу кьыIэрыхьа гумащIагъым щысхьыркъым. Гуапагъэр абы и дежкIэ гъащIэ хабзэу аркъудейщ, хамэми Іыхьлыми здагъэушу. Я гур утIыпщауэ дунейм зэрытетым и фIыгъэкIэ, абыхэм щыщIэныгъэ жьхуаIэр зыхамыщIэ пэпльытэщ, псэуныгъэр езыр зыхурикъуйку зэрызэтеухуар гупсэхуэгъуэу япкърытщ. ИгъащIэм ямылъэгъуа епткIи яIэ псоми хэбгъэкIыжкIи, зэгуэр гунэху фIыуэ ялъэгъуаехэм кьащыбгъэщIыфрынуIакъым, сыту жьIпIэмэ, гъащIэмэ гъащIэнашагъэми зэхуэдэу зигъэгушхуэжьащ. Марат ахэр зэи зыхурикъуйку зэрызэтеухуар гупсэхуэгъуэ

АДЫГЭ ЛИТЕРАТУРЭМ И ВАГЪУЭ

Щоджэнцыкіу Алий Іэсхьэд и къуэр къыззэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу

Псынащхьэ

Дунейм тет лъэпкъхэм ящыщ зыгуэри «лъэпкъщ» къыхужаІэу нобэ къэсыну къыщІэкІынтэкъым, зи ныбэрэ зи бохьшэрэ фІэкІа нэгъуэщІ къызыфІэмыІуэху защІэу цІыхуэхэр къызэхэнатэмэ.

ТХЬМ и шыкуркІэ, игъащІэми дунейм къыпотхьэу, щІыр щытыхуи къытехьэунущ, я щхьэ Іэхуэхэр дах къудей мыхъуу, къызыхэкІа лъэпкъым, а лъэпкъыр къызэрыхъукІа щыналъэм... абыхэм я закъуэ - дуней псом фІыуэ щыІэмкІэ яхуэхъуапсэ, зи гур ятеубгъуэ, зи гъащІэр тыхъяхуэзыщІ цІыху щэджащэхэр. Лъэпкъ нэщІысауэ къыпсыІэтхъ хъунуи ящыщІэкІынукъым апхуэдэ цІыхуэхэр Іэхуэхэкі дунейм, гъащІэм яхуэупсэфурэ къемыкІуэкІ лъэпкъыр.

ИтІани, апхуэдэ цІыхуэхэми яхэтыжщ, Іуащхьэмахуэ дибгъэм къаззрыхэщым ещхьу, псоми къахэлъагькІ цІыху щэджащэхэр. Мис апхуэдэ лъагапІэщ Щоджэнцыкіу Алий адыгэ литературэм и дежкІэ.

Литературэм зыгуэрхэр щызэбгъэпщэн-щызэбгъэщхьыныр зыкъомкІи дзыхьщІыгъуэджэщ икІи нэхъыбэм деж ущызыгъаІуэщ, ауэ ар Іэмал нэхъ кьагъэсэбэпхэм ящыщщи, дэри мы зэм къыпэткІухьым. Араущи, зыкІи егъэлея хъуну ди гугъэхъым Урысейм я литературэм Пушкиныр зырыхтым хуэдэу, урыс дэтхэнэми ар къыззрыщыхъум, къызэрипытэм ещхьу, Щоджэнцыкіу Алий ди литературэм и нэхъ жьантІэ дыдэр хуэфащэу къызэрыпъагъэсар, дэтхэнэ адыгэми ар и Пушкину цІыхуэхэр Іэхуэхэкі дунейм, гъащІэм яхуэупсэфурэ къемыкІуэкІ лъэпкъыр.

ИтІани, апхуэдэ цІыхуэхэм яхэтыжщ, Іуащхьэмахуэ дибгъэм къаззрыхэщым ещхьу, псоми къахэлъагькІ цІыхуэ щэджащэхэр. Ауэ ар Іэмал нэхъ кьагъэсэбэпхэм ящыщщи, дэри мы зэм къыпэткІухьым. Араущи, зыкІи егъэлея хъуну ди гугъэхъым Урысейм я литературэм Пушкиныр зырыхтым хуэдэу, урыс дэтхэнэми ар къыззрыщыхъум, къызэрипытэм ещхьу, Щоджэнцыкіу Алий ди литературэм и нэхъ жьантІэ дыдэр хуэфащэу къызэрыпъагъэсар, дэтхэнэ адыгэми ар и Пушкину цІыхуэхэр Іэхуэхэкі дунейм, гъащІэм яхуэупсэфурэ къемыкІуэкІ лъэпкъыр.

Хьэуэ, дэ псалъэшхуэ тэфэтелэ зыІфІэфхэм дыхабжэну дыхуейкъым икІи жьитІэркъым абыхэм кьащІэна литературэ Іэужьхэр зэпэщачэу е зэшхуэ-зэеслхэу. АпхуэдэпцІым, ялъэрауэ, жыжьэ унихьэсыныкъым, адрейуэ, Алий хуэдэ цІыху пэжым, цІыху кьащІэзэм и пщІэмрэ и щІыхьымрэ зыкІи хуэмыныкъуэщ ар. Ахэр зэщхь икІи зэшхуэзэес зыщІыр зыкъэнщІыщІ: къызыхэкІа лъэпкъхэм я деж щалэ лъытэныгъэкІэ, я гъащІэкІэмрэ я гъащІэ къыдэкІахэмрэ а лъэпкъитІым я тхыдэхэм, я литературэхэм щалэ мыхьэнэхэмкІэ, щаубыдыщІыр зыхуэдизымкІэ.

Тхьэм гъунэжу адыгэхэм къыдит, ди лъэпкъым, ди лъахэм я мызакъуэу, дуней псом зи цІэр щалэтын, дэри дызэрыпъапІэн усакІуэшхуэхэр, ауэ абы щыгъуэми Щоджэнцыкіу Алий ипщэкІэ къыщытхуэгъуэвынІауэ къыщІэкІынукъым къэбэрдей литературэм, сыту жьиІэмэ лъэпкъым абы хухиха жьантІэр гъуэрыгуэ шэнткъым, зэІэпах-зэІэпалъхьэхэм ящыщкъым, уэрыпІэуи кууупІэуи ди литературэм иІэм, дяпэкІи (Тхьэм къабыл ищІ) иІэнухэм кьежьапІэ яхуэхъуа псынащхьэщ.

ІУТІЫЖ Борис.
2000 гъэ

Сабийхэм удз гъэгъахэмкІэ яхуоупсэ

● Псапэ

Гуапагъэхэр лэжьныр къым. Социальнэ мыхьэнэ жьыджэру къызэрегъэпэщ. Къарэ Ратмир и пэублэ- зиІэ Іуэху щхьэпэхэр абы Апхуэдэщ къалэм и уэрамхэмрэ республикэм и социальнэ Іуэхущ1апІэхэмрэ гибискусхэр тыгъэ яхуэщыныр, я пщІантІэхэр гъэдхэныр.

Гибискусхэр Налшык къалэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыгъэтІысыным ехьэлІа Іуэху гуапэм а махуэм пащащ. Къарэ Ратмир къызэрилъытэмкІэ, а уэд гъэгъахэр нэхъыбэу унэ-интернатхэм, сымаджэщхэм, нэгъуэщІ социальнэ Іуэхущ1апІэхэм щыхэсапхъэщ, жылагъуэм я гулъытэрэ дэІэпыкъуныгъэрэ хуэныкъуэ цІыхуэхэр гъэгуфІэным, гъэгушхуэным зы мащІэкІэ нэхъ мыхъуми хэлъхьэныгъэ хуащІын папщІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

● ФщІэуэ пІэрэ?

Жыжьэ къыщожьэ

«Гъуэгуэгъу» (кІахэ диалектымкІэ «гъогогъу») псалъэм адыгэхэм къидгъэкІыр, дызэрыщыгъуазэщи, «нэгъуэщІым дэгъуэгурыкІуэ цІыху» мыхьэнэрэщ, «гъуэгумрэ» «цІыхумрэ» иризэпытщІэу.

АРЩХЬЭКІЭ, езым и анэдэлъхубзэми фІы дыдэу хэзыщыкІ, кІахэ адыгэбзэр джыным куэд щІауэ дихьэх абхъаз щІалэ Дасание Давид гу зэрыльитамкІэ, зи гугъу тщІы мыхьэнэр а псалъэм къидгъэкІынутэмэ, дэ, адыгэхэм, «гъуэгуцІыху» жьытІэн хуеящ, ди бзэм и зэхэухуэнэкІэм тетщІыхьмэ. Ауэ щыхъукІи, «гъуэгуэгъу» псалъэм и иужьрей макъ «гъу»-р кьыздикІар дэркІэ мыгурыІуэгъуэ къонэ (Дасание Давид кьызэрилъытэмкІэ).

Абхъаз щІалэм зэрыжиІэмкІэ, ар дэркІэ зэрызэхэгъэкІыгъуейуэ къэнэнут, ди бзэм и лъабжьэгъу абхъаз-абазэбзэхэм я деж кІэ демыплъэкІыжатэмэ. Абхъазхэм «цІыхум» щхьэкІэ «ГІы-гъы» («ауагІы-ауагъы», «уаю-уагъуу»), абазэхэм «ГІвы-гъгъу» жьиІэгъуэхращ ноби къагъэсэбэпыр. Абыхэм апхуэдизу къэІукІэ гъэщІэгъуэн яІэщи, я къэпсэлъыкІэм тІэкІу дащІэдэІукІмэ, «гъуэгуэгъу» псалъэм и кІэух макъым пэдзжэкрэ дэ, адыгэхэм, ди бзэм хэмытыж макъ пІыпІа-хэуукъудиикІа гуэрэхри зэрыхэтым гу лъыдмытэнкІэ Іэмал иІэкъым (Дасание Давид зэрыжиІэмкІэ).

БЭРАУ Бышэ.

Уэщтенэ

Мы цІэр зезыхьэ бгыр Адыгэ Республикэм и ипщэ-къуэхьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Лагъуэнакъэ бгыщхьэ тафэм щхьэщыІэтыкІа Іуащхьэхэм ящыщ зыщ, метр 2804-рэ и ицагъэ.

ІЫХЬИТІУ зэхэт фІэщыгъэр зэрызэхэухэна щІыкІэм теухуауэ Іуэху епГъыкІэ зыбжанэ щыІэщ.

Къэдгъэльагъуэмэ, лъахэхэтхэм ящыщ языныкъуэхэм ар къаззрыгурыІуэр «Зэпымыууэ уэс зытелъ Іуащхьэ» е «Щымахуэр щимыкІ щІыпІэ» жьхуиІэуэщ. Мыдрейхэм абы и цІэм къраГъэкІыр «Уэщыр (джыдэр) щытенэ Іуащхьэ» мыхьэнэр иІэущ, фІэзыщауэ я гугъэри КъухьэпІэ Кавказым и бгыщхьэ лъэныкъуэхэмкІэ щыпсэуа абзэзэхэзрщ (адыгэ лъэпкъым ящыщ зыщ), кІэрыхьэхэм, бгыр зэрызадэр зэран кьахуэхъу, джыдэр ящыІэпхыуу зэрыщытам кьыхэкІыу.

Къыхэгъэщыпхъэщ, щІыпІэщІэм и тхыкІэм «Іэщтын» теплъэ ирити, «псыхъуэудэ» къэкІыгъэм кІахэ адыгэхэр зэреджэ а псалъэм кьытехьэкІауэ зыгъэІуэхэри, «Іуащхьэ-дон» къэпсэлъыкІэу и фІэщыгъэр адыгэосетин зэхэухуэнэкІэм («Іуащхьэ», «псы») хуэзышэну хущІэкъуэкІэ зэрыщыІэр.

КЪУМАХУЭ Аслъэн

КъыкІэрыхухэм я зэрызехьэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2020 гъэм футболымкІэ и чемпионатыр ихуныным къэнэжар и Іыхьэ щанэращ, ауэ абы и кІэухыр гугъуэсыгъу зэрыхъунур къыбгурегъаІуэ коронавирус уз зэрыщІалэр нэхъри зэрыетэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и епщыкІубгъуанэ джэгугъуэм щыщу тхъэмахуэ илъэс зэхэтар зэІущІитІ къудейщ. Абыхэм «Энергетик»-мрэ «Бахъсэнымрэ» текІуэнэгъэр къыщахьащ. Ещанэм, щамыгъэІэхэху, «Ислъэмейм» очкоищ щыхуатхащ, «Урыхур» 3:0-у хигъэщІауэ къалъытэри. Адрейхэр ягъэІэпхъыщ ахэр езыгъэкІуэкІыну судьяхэр зэрамыІэм къыхэкІыу.

Іуэхур нэхъ зэфІэувэжащ блэкІа щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ. Абыхэм зэІущІийри щрагъэкІуэкІащ, икІи зэпеуэм къыщыкІырыхуэм я зэрызехьэпІэ хъуащ, Апхуэдэу «ЛогоВАЗ»-мрэ «Шэджэм-2»-мрэ Бабугент щызэпэщІэтащ, «Къундетеймрэ» «Ислъэмейм»рэ я зэфІэкІыр здыиэсыр Шэджэм щагъэунэхуащ. Тэуми хэгъэрейхэр щыткІуащ, ауэ щытыкІэ гугъум къикІыныжкІэ зэкІэ сэбэп кьахуэхъущащхьэм. Псом хуэмыдуэ «ЛогоВАЗ»-м - адрей и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм ельытауэ зэІущІэ тІощІри иригъэкІуэкІа пэтми, ар къыкІэрыху дыдэхэм пэтми, ар къыкІэрыхуэ дыдэхэм къахэкІакъым. «Къундетейри» жьыжь щыІэкъыми, зэ пкІэгъуэм къызэранэкІыфынущ.

Мыхьэнэшхуэ иІэт Урыхуэ къуажэм щыІа зэІущІэми. Абы хэгъэрейхэм бжыгъэшхуэкІэ щыхагъэщІащ «Нарт»-р.

Къэрэгъэщ и «Иналри» ехуэх зэпытщ. Щэбэт кІуам ар я къуажэм щыджагуэка пэтми, кьыхуеблагъэ «Налшыкым» жэуапынпшэу топитху кьыхудигъэкІащ.

Турнир таблицэм щыпашэхэм уахэплъэмэ, «Энергетик»-м пашэныгъэр зэриІыгъщ. АрщхьэкІэ зи чэзу текІуэныгъэр бжыгъэшхуэкІэ къэзыхьа Налшык и «Спартак-Д»-м ар игъэзэгъэгырыкъым. Абы щыгъуэми ХьэтІохъущыкъуей къуажэм къыщыхагъэщІа «Тэрчыр» дыщэм щІэбэныгъэм къахэхуауэ жьыпІэ хъунущ. Домбеякъ медалхэм папщІэ джылахъстэнейдэсхэм къеныкъуэкъунэр мащІэкъым.

Адэкіэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым щекІуэкІа зи чэзу зэІущІэхэм къарикІуа бжыгъэхэр: *епщыкІубгъуанэ джэгугъуэ* - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:0**, **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Малка»** (Малкэ) - **4:2**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Урыхуэ»** (Урыхуэ) - **3:0**; *етІощІанэ джэгугъуэ* - **«ЛогоВАЗ»** - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **2:1**, **«Инал»** (КъэрэгъэщІ) - **«Налшык»** (Налшык) - **0:5**, **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **3:2**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Бахъсэн»** - **2:3**, **«Урыхуэ»** - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **5:1**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **5:1**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Ислъэмей»** - **4:2**, **«Малка»** - **«Энергетик»** - **3:3**.

ХЬЭТАУ Ислъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщІыкІэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Энергетик»	20	16	2	2	91-25	50
2.	«Спартак-Д»	19	13	3	3	73-29	42
3.	«Тэрч»	19	12	2	5	42-20	38
4.	«Налшык»	18	11	2	5	51-26	35
5.	«ХьэтІохъущыкъуей»	19	10	5	4	47-42	35
6.	«Родник»	17	10	4	3	50-26	34
7.	«Бахъсэн»	20	10	3	7	49-38	33
8.	«Малка»	20	9	5	6	64-51	32
9.	«Нарт»	19	7	3	9	38-48	24
10.	«Къундетей»	19	5	3	11	29-58	18
11.	«Урыхуэ»	20	5	2	13	42-69	17
12.	«Шэджэм-2»	19	5	1	13	31-55	16
13.	«Инал»	19	4	4	11	40-76	16
14.	«Ислъэмей»	19	4	4	11	31-48	16
15.	«ЛогоВАЗ»	20	3	6	11	35-67	15
16.	«Шэрджэс»	19	3	3	13	39-74	12

● ТхылъыщІэ

Къыдэкіыгъуэ щхьэпэ

ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиим иджыблагъэ кьыдигъэкІащ «Экология и охрана ценопопуляции Heelleborus caucasicus A. Br. на Кавказе» тхылъыр. Ар я Іэдакъэщ1экІщ Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Жэмыхуэ Марьят, Чадаевэ Викторие сымэ.

ТХЫЛЪЫМ щызэхуэхьэсащ «морозник кавказский» фІэщыгъэр зиІэ удз лІэужьыгуэм и биоэкологиие щхьэхуэныгъэхэм теухуауэ ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэр, Кавказым ар зэрыщахъумэ щыкІэмкІэ я еплъыкІэхэр къыщыгъэлъэгуэжа тхыгъэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ зи гугъу ящІ удзыр узыфэ куэдым я хущхъуэгъуэр къызыпах къэкІыгъэу зэрыщытыр.

Къэхутэныгъэхэр 2008 гъэм ирагъажьэри, илъэси 10-кІэ щрагъэкІуэкІащ Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм, Абхъазэ щІыналъэм, Ставрополь, Краснодар крайхэм. КъэкІыгъэр щІыпІэ зэхуэмыдэхэм къызэрыщыкІыр, гъэм и лъэхъэнэ щхьэхуэхэм иІэ зэхъуэкІныгъэхэр, къыщыхэкам и деж щегъэжьауэ хъуху игъуэт зыужьныныгъэр зыхэхауэ икІи гурыІуэгъуэу лэжьыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ. Ар икъукІэ щхьэпэ яхуэхъунуг экологиемрэ ботаникэмрэ епха щІэныгъэрэ Іэщ1агъэрэ зиІэхэм, апхуэдэу щІыуэпсыр хъумэныжкІэ Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэм

ЩІХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.

● КъБР-м щыІэ МВД-м

Шэч хуащІ

КъБР-м щыІэ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкІэ и управленэмрэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэм и Тэрч щалэхъуэмэрэ я лэжьакІуэхэм зэгъуэгу ирагъэкІуэкІа оперативно-къэлъыхъуэныгъэхэм ябгъ иткІэ яубыдащ Прохладнэ щІыналъэм щыщ зи ныбжьыр илъэс 39-м ит нэхъапэм суд зытращІыхьа цІыхухэр.

АР ФЕДЕРАЛЬНЭ къэлъыхъуэныгъэм щыІащ. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, абы Ставрополь щІыналъэм щІэпхъаджагъэ щилэжьыну хэтащ.

Йубыдар къэлъыхъуэныгъэр зэхэзыублахэм ирагъащ.

Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ щахъумэ

Экстремизмэмрэ терроризмэмрэ къэмыгъэхъуэныбм ехьэлІа зэІущІэхэр КъБР-м щыІэ МВД-м и лэжьакІуэхэм Шэджэм къалэм и курыт еджапІэхэм щрагъэкІуэкІащ.

КъБР-М щыІЭ МВД-м Экстремизмэм пэщІэтыныжкІэ и центрымрэ Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министерствэм и Шэджэм щІыналъэ къудамэм Балигъ мыхъуахэм ядалэжьныжкІэ и Іэнатіэмрэ я лэжьакІуэхэм лекцэхэмрэ зэпсэлъэныгъэхэмрэ драгъэкІуэкІащ Шэджэм къалэм и СОШ №1-мрэ «Уху-кІуэ» КъэбэрдейБалъкъэр колледж» ягъэджэныгъэ Іуэхущ1апІэм и Шэджэм къудамэмрэ. Ахэр хеубыдэ щІалэгъуалэм экстремизмэм гуцІыкІ уегъэщІыным ехьэлІауэ къыззрагъэпэщ Іуэхугуэхэм.

ЗэІущІэм хэтхэм зыхуигъэзащ КъБР-м щыІэ МВД-м Экстремизмэм пэщІэтыныжкІэ и центрым и лэжьакІуэ полицэм и подполковник Геккиевэ Маринэ. НыбжьыщІэхэр абы щыгъуазэ ищІащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зищІысым икІи апхуэдэ щІэпхъаджащІэхэм пэІэщІэ зыхуащІыну къыхуриджащ.

Хабзэм и хъумакІуэхэм еджакІуэхэм къыгурагъэІуащ социальнэ сетхэм щынагъуэ ин къаззрыпкъырыкІыр. Интернетыращ щІэпхъаджащІэхэм зыхашэнхэр нэхъыбэу къыщалъытыхьэр.

НыбжьыщІэхэм гурагъэІуащ экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зылэжьакъым ятІэ тезыырыр зыхуэдэр. ХьэщІэхэм ахэр къыхураджащ щІэныгъэм, спортым, гуязэджэм зыдрагъэхьэныну.

ЗэІущІэм щагъэпэгъуащ экстремизмэм пэщІэт, зэкъупсу зыгъасэ видеороликэр.

ХьэщІэхэм еджакІуэхэм тыгъэ хуащІащ футболкэхэр, бейсболкэхэр, экстремизмэр щымыгъэІэнным ехьэлІа къыхуеджэныгъэхэр къызытещ нэгъуэщІ хьэпшыпхэр. Абы иужькІэ ныбжьыщІэхэм флешмоб къызэрагъэпэщащ, мамырыгъэм зэрителъхъэр къыхагъэщу.

Зи ныбжьыр илъэс 55-м щІигъуахэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпащэ киберпщыІуэпщыІышхэм япэщІэт «Ликбез выходного дня» Іуэхугъуэхэр. Ахэр нэхъыбэу яхуэунэтІащ зи ныбжьыр илъэс 55-м щІигъуахэм.

ПОЛИЦЭМ и участковэ уполномоченнэхэм Іуащхьэмахуэ щынагъльэм и пенсионерхэм гурагъаІуэ интернет пщІыІуэпщІышхэм зэрызэщахъумэну щыкІэр. Апхуэдэ лэжьыгъэ иджыблагъэ щекІуэкІащ Тырныауэ къалэмрэ Былым къуажэмрэ.

Хабзэхъумэхэм щІыхуэр къыхураджащ сакъыну. Щапхъэхэр къыхуахьыурэ, ирагъащІащ пщІыІуэпщІышхэм зэрапэщІытыфыну Іэмалхэр. СащІтэмэ, чэнджэщ ирагащ ямыщІыхуэр телефонкІэ къэпсэльамэ езыхэм ятеуха, я банк картэхэм ехьэлІа хъыбархэр ярамыІэну.

Полицейхэм зэІущІэм хэтахэм буклет щІыкІуэр ираташ. Абыхэм ЗэІущІэгъэльэгъуащ киберпщІыІуэпщІышхэм нэхъыбэрэ къэзгъэсэбэп Іэмалхэмрэ апхуэдэхэм зэрапэщІэтыну щІыкІэмрэ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Псалъэ

Жылагъуэ лэжьакІуэ Къарэ Ратмир и жэрдэмкІэ Сирием къикІа роззхэр - гибискусхэр - щагъэтІысащ Налшык и Сабий унэм и Іэгъуэблагъэм, «Надежда России», «Экольчик» Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэр и дэІэпыкъуэгъуу.

СИРИЕМ щыцІэрыІуэ гибискусхэм хуэдэу жыгъыщІибл Сабий унэм и пщІантІэм щыхисащ Къарэ Ратмир, ищхьэкІэ зи цІэ къитІуа Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэу Черновэ Алёнэрэ Хьэхъупащ1э Хьэзизрэ я гъусэу.

«Удз гъэгъахэмрэ сабийхэмрэ зраужь! Дунейр дэтхэнэ зы кьалъхуагъащІэ сабийми удз гъэгъами щрегуфыкІ!» - къыхагъэщащ Іуэху гуапэм хэтахэм къэкІыгъэзам псы щыщІагъэльадэм.

Сабийхэм удз гъэгъахэмкІэ яхуоупсэ

● Псапэ

Гуапагъэхэр лэжьныр къым. Социальнэ мыхьэнэ жьыджэру къызэрегъэпэщ. Къарэ Ратмир и пэублэ- зиІэ Іуэху щхьэпэхэр абы Апхуэдэщ къалэм и уэрамхэмрэ республикэм и социальнэ Іуэхущ1апІэхэмрэ гибискусхэр тыгъэ яхуэщыныр, я пщІантІэхэр гъэдхэныр.

Гибискусхэр Налшык къалэм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыгъэтІысыным ехьэлІа Іуэху гуапэм а махуэм пащащ. Къарэ Ратмир къызэрилъытэмкІэ, а уэд гъэгъахэр нэхъыбэу унэ-интернатхэм, сымаджэщхэм, нэгъуэщІ социальнэ Іуэхущ1апІэхэм щыхэсапхъэщ, жылагъуэм я гулъытэрэ дэІэпыкъуныгъэрэ хуэныкъуэ цІыхуэхэр гъэгуфІэным, гъэгушхуэным зы мащІэкІэ нэхъ мыхъуми хэлъхьэныгъэ хуащІын папщІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

КъыкІэрыхухэм я зэрызехьэ

● Футбол

Къэбэрдей-Балъкъэрым 2020 гъэм футболымкІэ и чемпионатыр ихуныным къэнэжар и Іыхьэ щанэращ, ауэ абы и кІэухыр гугъуэсыгъу зэрыхъунур къыбгурегъаІуэ коронавирус уз зэрыщІалэр нэхъри зэрыетэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и епщыкІубгъуанэ джэгугъуэм щыщу тхъэмахуэ илъэс зэхэтар зэІущІитІ къудейщ. Абыхэм «Энергетик»-мрэ «Бахъсэнымрэ» текІуэнэгъэр къыщахьащ. Ещанэм, щамыгъэІэхэху, «Ислъэмейм» очкоищ щыхуатхащ, «Урыхур» 3:0-у хигъэщІауэ къалъытэри. Адрейхэр ягъэІэпхъыщ ахэр езыгъэкІуэкІыну судьяхэр зэрамыІэм къыхэкІыу.

Іуэхур нэхъ зэфІэувэжащ блэкІа щэбэтымрэ тхъэмахуэмрэ. Абыхэм зэІущІийри щрагъэкІуэкІащ, икІи зэпеуэм къыщыкІырыхуэм я зэрызехьэпІэ хъуащ, Апхуэдэу «ЛогоВАЗ»-мрэ «Шэджэм-2»-мрэ Бабугент щызэпэщІэтащ, «Къундетеймрэ» «Ислъэмейм»рэ я зэфІэкІыр здыиэсыр Шэджэм щагъэунэхуащ. Тэуми хэгъэрейхэр щыткІуащ, ауэ щытыкІэ гугъум къикІыныжкІэ зэкІэ сэбэп кьахуэхъущащхьэм. Псом хуэмыдуэ «ЛогоВАЗ»-м - адрей и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм ельытауэ зэІущІэ тІощІри иригъэкІуэкІа пэтми, ар къыкІэрыху дыдэхэм къахэкІакъым. «Къундетейри» жьыжь щыІэкъыми, зэ пкІэгъуэм къызэранэкІыфынущ.

Мыхьэнэшхуэ иІэт Урыхуэ къуажэм щыІа зэІущІэми. Абы хэгъэрейхэм бжыгъэшхуэкІэ щыхагъэщІащ «Нарт»-р.

Къэрэгъэщ и «Иналри» ехуэх зэпытщ. Щэбэт кІуам ар я къуажэм щыджагуэка пэтми, кьыхуеблагъэ «Налшыкым» жэуапынпшэу топитху кьыхудигъэкІащ.

Турнир таблицэм щыпашэхэм уахэплъэмэ, «Энергетик»-м пашэныгъэр зэриІыгъщ. АрщхьэкІэ зи чэзу текІуэныгъэр бжыгъэшхуэкІэ къэзыхьа Налшык и «Спартак-Д»-м ар игъэзэгъэгырыкъым. Абы щыгъуэми ХьэтІохъущыкъуей къуажэм къыщыхагъэщІа «Тэрчыр» дыщэм щІэбэныгъэм къахэхуауэ жьыпІэ хъунущ. Домбеякъ медалхэм папщІэ джылахъстэнейдэсхэм къеныкъуэкъунэр мащІэкъым.

Адэкіэ фыщыдгъэгъуэзэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым щекІуэкІа зи чэзу зэІущІэхэм къарикІуа бжыгъэхэр: *епщыкІубгъуанэ джэгугъуэ* - **«Энергетик»** (Прохладнэ) - **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **3:0**, **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Малка»** (Малкэ) - **4:2**, **«Ислъэмей»** (Ислъэмей) - **«Урыхуэ»** (Урыхуэ) - **3:0**; *етІощІанэ джэгугъуэ* - **«ЛогоВАЗ»** - **«Шэджэм-2»** (Шэджэм ЕтІуанэ) - **2:1**, **«Инал»** (Къэрэгъэщ1) - **«Налшык»** (Налшык) - **0:5**, **«ХьэтІохъущыкъуей»** (ХьэтІохъущыкъуей) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **3:2**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Бахъсэн»** - **2:3**, **«Урыхуэ»** - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **5:1**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Шэрджэс»** (Шэджэм) - **5:1**, **«Къундетей»** (Шэджэм) - **«Ислъэмей»** - **4:2**, **«Малка»** - **«Энергетик»** - **3:3**.

ХЬЭТАУ Ислъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2020 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщІыкІэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Энергетик»	20	16	2	2	91-25	50
2.	«Спартак-Д»	19	13	3	3	73-29	42
3.	«Тэрч»	19	12	2	5	42-20	38
4.	«Налшык»	18	11	2	5	51-26	35
5.	«ХьэтІохъущыкъуей»	19	10	5	4	47-42	35
6.	«Родник»	17	10	4	3	50-26	34
7.	«Бахъсэн»	20	10	3	7	49-38	33
8.	«Малка»	20	9	5	6	64-51	32
9.	«Нарт»	19	7	3	9	38-48	24
10.	«Къундетей»	19	5	3	11	29-58	18
11.	«Урыхуэ»	20	5	2	13	42-69	17
12.	«Шэджэм-2»	19	5	1	13	31-55	16
13.	«Инал»	19	4	4	11	40-76	16
14.	«Ислъэмей»	19	4	4	11	31-48	16
15.	«ЛогоВАЗ»	20	3	6	11	35-67	15
16.	«Шэрджэс»	19	3	3	13	39-74	12

● ГушыІэ

Ар узыфэкъым

ЦІыхубзыр дохутырым деж щІыхьауэ хуотхьэусыхэ:
- Си щхьэгъусэм и узынщагъэм икъуКІэ сегъэгузавэ.
- Сыт нэхъ дэбгъуэр, ди шыгхъу? - ЙоупщІ абы цІыхухэр.
- Уи нэгу къыщІэгъэхьэт: сэ сыхьэт бжыгъэкІэ си жьэр сымыгъэувыІэу сопсалъэ, ауэ абы си зы псалъи зэхимыхауэ къыщІокІ. Ар сыт хуэдэ узыфэми къызжумыІэфыну пІэрэ?
- Ар узыфэкъым – Тхьэшхуэр къызэрыхуэупса фІыгъуэхущ, - пидзыжащ абы дохутырым, цІыхубзым и щхьэгъусэм зэрехъуэпсар хуэмыгъэпщкІуу.

● ФщІэуэ пІэрэ?

Жыжьэ къыщожьэ

«Гъуэгуэгъу» (кІахэ диалектымкІэ «гъогогъу») псалъэм адыгэхэм къидгъэкІыр, дызэрыщыгъуазэщи, «нэгъуэщІым дэгъуэгурыкІуэ цІыху» мыхьэнэрэщ, «гъуэгумрэ» «цІыхумрэ» иризэпытщІэу.

АРЩХЬЭКІЭ, езым и анэдэлъхубзэми фІы дыдэу хэзыщыкІ, кІахэ адыгэбзэр джыным куэд щІауэ дихьэх абхъаз щІалэ Дасание Давид гу зэрыльитамкІэ, зи гугъу тщІы мыхьэнэр а псалъэм къидгъэкІынутэмэ, дэ, адыгэхэм, «гъуэгуцІыху» жьытІэн хуеящ, ди бзэм и зэхэухуэнэкІэм тетщІыхьмэ. Ауэ щыхъукІи, «гъуэгуэгъу» псалъэм и иужьрей макъ «гъу»-р кьыздикІар дэркІэ мыгурыІуэгъуэ къонэ (Дасание Давид кьызэрилъытэмкІэ).

Абхъаз щІалэм зэрыжиІэмкІэ, ар дэркІэ зэрызэхэгъэкІыгъуейуэ къэнэнут, ди бзэм и лъабжьэгъу абхъаз-абазэбзэхэм я деж демыплъэкІыжатэмэ. Абхъазхэм «цІыхум» щхьэкІэ «ГІы-гъы» («ауагІы-ауагъы», «уаю-уагъуу»), абазэхэм «ГІвы-гъгъу» жьиІэгъуэхращ ноби къагъэсэбэпыр. Абыхэм апхуэдизу къэІукІэ гъэщІэгъуэн яІэщи, я къэпсэлъыкІэм тІэкІу дащІэдэІукІмэ, «гъуэгуэгъу» псалъэм и кІэух макъым пэдзжэкрэ дэ, адыгэхэм, ди бзэм хэмытыж макъ пІыпІа-хэуукъудиикІа гуэрэхри зэрыхэтым гу лъыдмытэнкІэ Іэмал иІэкъым (Дасание Давид зэрыжиІэмкІэ).

БЭРАУ Бышэ.

Уэщтенэ

**Мы цІэр зезыхьэ бгыр